ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№129 (24.879) • 2025 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 25, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэм къызэритамкIэ

# IэмалыщIэхэм къат зэфIэкIхэр

**«Гъуэгухэр-2025» XII дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм щызэхэтащ «Гъуэгу ухуэным хуэщIа техникэхэмрэ къэухь IэрыщIымрэ – IэмалыщIэхэм къат зэфIэкIхэр» зыфIаща зэIущIэ зыубгъуа.**

Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат.

«Гъуэгухэр ухуэн IэнатIэм лэжьыгъэхэр щыщIэгъэхуэбжьэныр зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу зэрыщытыр къыхигъэщащ вице-премьерым. Лэжьыгъэр зэрагъэкIуатэ Iэмалхэм къыщыгъэсэбэпын хуейщ къэухь IэрыщIыр - проектхэр щызэхалъхьэм деж къыщыщIэдзауэ, технологие пэрытхэр хэпщэнри, иджырей техникэ лъэщхэр, Iэмэпсымэхэр, Iуэхур зэрекIуэкIыр къызэрапщытэ, абыхэм зэракIэлъыплъ Iэмал нэхъыфIхэр къэгъэщхьэпэнри я тегъэщIапIэу. Лэжьыгъэр щIэгъэпсынщIэныр пыщIащ а IэщIагъэм щыхуагъасэ IуэхущIапIэхэм я егъэджэкIэри щIэм тету зэтеухуэным. Гъуэгу ухуэным епха IэнатIэр хуейщ а Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэм, мы зэманым ар щытщ ипэкIэ кIуэтэныр зэлъыта лъабжьэу», - къыхигъэщащ абы.

Хуснуллин Марат къытеувыIащ щIыналъэхэм абы и лъэныкъуэкIэ я Iуэху зыIутхэми. Гъуэгухэр ухуэнымкIэ бжьыпэр зыIыгъ, технологие проект инхэр щагъэзащIэ щIыналъэхэу абы зи цIэ къриIуахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. КъэкIуэну зэманым лэжьыгъэр нэхъ теухуауэ щытын хуейщ щIыпIэ гъуэгухэр ухуэным.



«Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкIэ ар япэ игъэщыпхъэ къалэнхэм ящыщщ. Илъэсихым къриубыдэу ди республикэм щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ гъуэгуу километр 250-рэ щызэрагъэпэщыжащ. Къалэ мыинхэм - Прохладнэ, Тэрч, Шэджэм, Май хуэдэхэм - чэзукIэрэ зыхуей щыхуагъэзащ я уэрам нэхъыщхьэхэр, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, зэIущIэр зытеухуа Iуэхум щытепсэлъыхьыжым. - Дызэрыт илъэсым Нартан, Прималкинсэ, Шэджэм, Тэрч, Ислъэмей жылэхэм яIэ хъуащ гъуэгущIэхэр, лъэс зекIуапIэхэр, гъуэгубгъухэм щагъэува пкъохэм уэздыгъэхэр щыфIадзащ. Егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, узыншагъэр хъумэн IэнатIэхэр зэгъэпэщыжыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр щызэфIагъэкIкIэ, абыхэм екIуалIэ гъуэгухэри зыхуей худогъазэ.

Налшык иужьрей илъэсхэм мардэм къитIасэу щызэрагъэпэщыжащ километри 105-м щIигъу гъуэгухэр. Мы илъэсым и кIэм ноблагъэ Нэгумэм, КIыщокъуэм, Щорсым я цIэхэр зезыхьэ, Головко-Каменскэ уэрамхэм щрагъэкIуэкI апхуэдэ лэжьыгъэхэр. Абыхэм щызэрахъуэкIащ гъуэгу щхьэфэхэр, инженер коммуникацэхэр, къимыдэкIэ, псы щIэжыпIэхэр, лъэс зекIуапIэхэр хуащIащ, уэздыгъэхэр щыфIадзащ, къедза щIыпIэхэри зэIузэпэщ щащI».

## ЩIыналъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ



**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек IущIащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Малышев Андрей. Ар Налшык лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIэщ, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтыр илъэс 35-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ ирагъэкIуэкIыну дауэдапщэхэм хэтыну къэкIуауэ.**

Къэрал мыхьэнэ зиIэ, щэнхабзэ унэтIыныгъэм хуэгъэпса апхуэдэ еджапIэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэр а зырщ. Ар Урысейм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм 1990 гъэм къызэригъэпэщащ, Воронеж къалэм гъуазджэхэмкIэ и институтым и къудамэу Налшык щыIэр и лъабжьэу.

«А еджапIэ нэхъыщхьэр къэзыухахэм яхэтщ дунейпсо, урысейпсо, щIыналъэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щытекIуахэр. Мы зэманым абы щолажьэ егъэджакIуищэм щIигъу. Абыхэм яхэтщ щIэныгъэм дамыгъэ лъапIэхэр щызыIэрызыгъэхьа, Урысей Федерацэмрэ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм хыхьэ республикэхэмрэ я цIыхубэ, щIыхь зиIэ я артист цIэ лъапIэхэр зыфIаща куэд.

«Малахов Андрей сыщыIущIам дытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм зегъэужьыным ехьэлIа Iуэхухэм», - щетх КIуэкIуэ Казбек интернетым щиIэ и напэкIуэцIым.

Иужьрей илъэсхэм гулъытэ хэха худощI щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным, иджырей зэманым екIуу абыхэм сыт и лъэныкъуэкIи заужьыным. Лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ я фIыгъэкIэ духуащ щэнхабзэмкIэ унэу 6, республикэм и къалащхьэм къыщызэIутхащ щэнхабзэ центрыщIэ, къызыхуэтыншэу зэдгъэпэщыжащ щэнхабзэмкIэ унэу 25-рэ, сабийхэр гъуазджэм щыхуагъасэ еджапIэу 19, библиотекэ 15, гуащэхэм я театрыр, театреплъ ныбжьыщIэм ейр, музейхэмрэ нэгъуэщI ухуэныгъэхэмрэ.

Щэнхабзэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм защIэгъэкъуэнри, шэч хэмылъу, мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ Iуэхущ. IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм я улахуэхэм хыдогъахъуэ, стипендиехэм, саугъэтхэм яхущIыдогъу. КъыхэжаныкIхэр зэрыдгъэлъапIэ нэгъуэщI Iэмалхэри къыхэтлъхьауэ къыдогъэсэбэп, апхуэдэуи творческэ проектхэм папщIэ грантхэр яхухыдох.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ лъэпкъхэм я хабзэхэр хъумэнымкIи, IэнатIэм къыхыхьэ унэтIыныгъэщIэхэр ипэкIэ гъэкIуэтэнымкIи щэнхабзэм ди республикэм мыхьэнэшхуэ зэрыщиIэр икIи щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэр гъэхьэзырыным Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым хэлъхьэныгъэшхуэ хуэщI.

Институтым и лэжьакIуэхэм сохъуэхъу я махуэшхуэмкIэ икIи си гуапэщ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ яфI зыхэлъ Iуэхухэм хуэлэжьэным ехъулIэныгъэщIэхэр къыщахьыну».

**Къуэщхьэ Алим Аслъэн и къуэр Тэрч суд районым и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкIуж хеящIэм и къулыкъум гъэувыным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щыIэ зэзыгъэкIуж хеящIэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ закон №188-ФЗ-уэ1998 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м къыдэкIам и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Iыхьэм и «х» пунктым япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къуэщхьэ Алим Аслъэн и къуэр Тэрч суд районым и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкIуж хеящIэм и къулыкъум илъэсищ пIалъэкIэ гъэувын.
2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI**
**ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м*
*№195-П-П*

# Зэрызэдэлажьэм зрагъэубгъу



**Иджыблагъэ щыгъуазэ фызэрытщІащи, КъБР-м и Парламентым и лІыкІуэ гуп хэтащ Кавказ Ищхъэрэ Парламент зэгухьэныгъэм и XII зэхуэсым. Ар Къэрэшей-Шэрджэсым щекІуэкІащ жэпуэгъуэм и 22 - 24 махуэхэм.**

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ я пашэу, абы щыІащ КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и комитетым и унафэщІ Емуз Нинэ, ПромышленностымкІэ, транспортымкІэ, связымрэ гъуэгу ІэнатІэмкІэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Байдаев Сэлихь, ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмкІэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я ІуэхухэмкІэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Безгодькэ Владимир сымэ.

Зэхуэсыр къыщызэІуихым, Кавказ Ищхъэрэ Парламент зэгухьэныгъэм и унафэщІ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Парламентым и УнафэщІ Иванов Александр жиІащ хабзэубзыху ІуэхущІапІэхэр зэдэлэжьэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр, я лэжьыгъэр ирагъэфІэкІуэнымкІи КИФЩІ-м и щІыналъэхэр зэрызэдэлажьэм зрагъэубгъунымкІи.

Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм я лІыкІуэ гупхэм я гъусэу конференцым хэтащ Осетие Ипщэмрэ Абхъаз Республикэмрэ я Парламентхэм я депутатхэм щыщи. КъищынэмыщІауэ, зэхуэсым къахуеблэгъат Ипщэ Урысей Парламент зэгухьэныгъэм хэт хабзэубзыхухэри - Адыгей, Астрахъэн, Волгоград, Къалмыкъ щІыналъэхэм къикІахэр. Архъыз къэкІуащ Херсон щІыналъэм и лІыкІуэ гупи.

Зэхыхьэр зыхэплъэну Іуэхугъуэ 26-рэ ягъэбелджылат. Абыхэм я нэхъыбэр зытеухуар зэгухьэныгъэм хэтхэм УФ-м и ФС-м и Къэрал Думэм ирагъэхьыну жэрдэмхэрат. Псалъэм папщІэ, абыхэм ящыщт «Сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэІэм щІэмытхэмрэ къэралым зэрызыщІагъакъуэм теухуауэ» Федеральнэ законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ» федеральнэ законым и проектыр.

Кавказ Ищхъэрэ Парламент зэгухьэныгъэм Социальнэ политикэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, щэнхабзэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и комитетым хэт, КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и комитетым и унафэщІ Емуз Нинэ жиІащ законопроектым халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр республикэм и хабзэубзыху ІуэхущІапІэр цІыхухэм зэраІущІэм къызэрырикІуар.

- Дэфтэрыр КъБР-м и Парламентым, Урысей Федерацэм и сенаторхэмрэ Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэмрэ зэгъусэу ягъэхьэзыращ, - жиІащ Емузым. - 1996 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къыдэкІа «Сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэІэм щІэмытхэмрэ къэралым зэрызащІигъакъуэм теухуауэ» Федеральнэ законым хэлъхьэн хуей зэхъуэкІыныгъэхэр ехьэлІащ зи гугъу ящІ цІыхухэм псэупІэ зэрызэрагъэпэщыну мылъкур езыхэм етыным. Ар яхуэгъэзащ бын зэдэзыпІа, ауэ зи щхьэгъусэр уІэгъэм, узыфэхэм я зэранкІэ дунейм ехыжа (сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэхэм я нэІэм щІэмыту къэнахэмрэ ящыщу), иужькІи унагъуэ щІэрыщІэу зымыухуэжахэм. А хуитыныгъэр яІэнущ сабий зеиншэхэм ящыщу дзэм къулыкъу щызыщІэу хэкІуадэхэми. Мы Іуэхугъуэм зеиншэхэм ягурэ я щхьэрэ нэхъ зэтелъу щигъэтынущ, зыгуэркІэ я къалэн ягъэзащІэу хэкІуадэ хъумэ, къэралым къарытыну унэр и щхьэгъусэмрэ и бынхэмрэ къазэрыІэрыхьэнур ищІэнущи.

Иджыпсту щыІэ хабзэм яфІегъэкІуэд балигъ ныбжьым нэмыса сабийхэр зиІэ унагъуэм я нэхъыжьыр (зеиншэхэм ящыщу) ящхьэщыкІа нэужь, кърατын хуея псэупІэмкІэ яІэ хуитыныгъэр. А хабзэр Іухын зэрыхуеймрэ 2022 гъэм Украинэм дзэ Іуэху хэхам зэрыщыщІидзамрэ къэлъытауэ, къэрал дэІэпыкъуныгъэм зегъэубгъуныр федеральнэ законым къыщыдгъэлъэгъуащ.

Зэхуэсым хэтхэр хэплъащ икІи даІыгъащ КъБР-м и Парламентым и нэгъуэщІ зы жэрдэми - «Балигъ мыхъуахэм якІэлъыплъынымрэ хабзэншагъэм щыхъумэнымрэ теухуауэ» Федеральнэ законым и 14-нэ, 18-нэ Іыхьэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ» федеральнэ законым и проектыр УФ-м и Къэрал Думэм хуегъэхьэныр.

Кавказ Ищхъэрэ Парламент зэгухьэныгъэм Социальнэ политикэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, щэнхабзэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и комитетым хэт, КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмкІэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я ІуэхухэмкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Безгодькэ Владимир жиІащ сабий гъуэщахэм, хыфІадзахэм, илъэсиплІым нэс я ныбжьу адэ-анэм я нэІэм щІэмыту къэнахэм медицинэ ІуэхущІапІэхэм зэращыкІэлъыплъ щІыкІэр ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ законопроектыр зэрагъэхьэзырар.

- «Балигъ мыхъуахэм якІэлъыплъынымрэ хабзэншагъэм щыхъумэнымрэ теухуауэ» Федеральнэ законым и 18-нэ Іыхьэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, зи гугъу тщІы сабийхэр медицинэ дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэми хуэмыныкъуэми емылъытауэ, медицинэ ІуэхущІапІэхэм жэщми махуэми къыщыІахын, щакІэлъыплъын хуейщ. Абы щыгъуэми Правительствэм 2014 гъэм накъыгъэм и 24-м къищта унафэ №481-м щытхащ сабий къалъхуар илъэсиплІ ныбжьым нэсыху медицинэ ІуэхущІапІэхэм щыІыгъыныр я узыншагъэр зыхуэдэм зэрелъытар. А ныкъусаныгъэр гъэзэкІуэжынырщ зытеухуар законопроектыр, - къыхигъэщащ Безгодькэ Владимир.

Кавказ Ищхъэрэ Парламент зэгухьэныгъэм Промышленностым зегъэужьынымкІэ, транспортымкІэ, связымрэ гъуэгу ІэнатІэмкІэ и комитетым хэт, КъБР-м и Парламентым ПромышленностымкІэ, транспортымкІэ, связымрэ гъуэгу ІэнатІэмкІэ и комитетым и унафэщІ Байдаев Сэлихь депутатхэр щигъэгъуэзащ муниципальнэ маршрутхэр къызэрызэрагъэпэщыр ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ, «ЦІыхухэмрэ хьэпшыпхэмрэ Урысей Федерацэм автомобилрэ токкІэ лажьэ транспорткІэ къызэрыщрашэкІыр къызэгъэпэщыным теухуауэ» федеральнэ законым и проектыр УФ-м и ФС-м и Къэрал Думэм зэрырагъэхьыным зэрыхуагъэхьэзырам.

«Проектыр даІыгъащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Экономикэ, промышленнэ политикэмкІэ Урысей Федерацэм и хабзэубзыхухэм я Советым и комиссэм, - къыхигъэщащ къэпсэлъам.

Кавказ Ищхъэрэм и депутатхэр зэІущІэм щытепсэлъыхьащ мыхьэнэшхуэ зиІэ жэрдэм куэдым.

Конференцым и кІэм КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ жиІащ: «Мы зэман мытыншым Парламентхэр дызэрызэдэлажьэм зедгъэубгъуным мыхьэнэшхуэ иІэщ ди къэралым и дежкІэ. Зы Іуэхугъуэм зэгъусэу ущелэжькІэ, жылагъуэр нэхъ бидэ ещІ, нэхъри зэкъуегъэувэ», - къыхигъэщащ Егоровэм.

Абы фІыщІэ яхуищІащ зэхуэсыр зыхуей хуэзэу къызэзыгъэпэщахэм. Ар щекІуэкІа щІыпІэри къыхимыгъэщу къигъэнакъым Егоровэм. «Архъыз» зыгъэпсэхупІэм зрагъэужьын зэрыщІадзэрэ куэд мыщІами, гъэм и кІыхьагъкІэ абы хьэщІэхэр иригъэблэгъэф, къэралым и бгы зыгъэпсэхупІэ нэхъыфІхэм хабжэ хъуащ.

- Фи зэфІэкІыр щхьэпэщ адрейхэм я дежкІи. Узэрыгушхуэнщ Урысей Ипщэм зыщызыгъэпсэхухэм я бжыгъэм илъэс къэс зэрыхэхъуэр. Ди ІуэхущІафэ нэхъыфІхэмкІэ щапхъэ дызэхуэхъуу дызэдэгъуэгурыкІуэныр, щІыналъэхэм я зэхущытыкІэр егъэфІэкІуэныр абы и лъэныкъуэкІи псоми сэбэп яхуэхъуну къызолъытэ. Иджыри зэ сынывохъуэхъу Къэрэшей-Шэрджэс щІыналъэр нэхъри фефІэкІуэну, ехъулІэныгъэ фиІэну, - жиІащ Егоровэм.

Кавказ Ищхъэрэ Парламент зэгухьэныгъэм къыкІэлъыкІуэ зэІущІэр иригъэкІуэкІыну и пщэ иралъхьащ Дагъыстэн Республикэм и ЦІыхубэ Зэхуэсым.

ХьэщІэхэм зыщагъэгъуэзащ щІыпІэм и цІыху ІэпщІэлъапщІэхэм я ІэдакъэщІэкІхэм. Абыхэм папщІэ гъэлъэгъуэныгъэ къызэрагъэпэщат.

ЗэІущІэм хэтахэм фІыщІэ хуащІащ ар къызэзыгъэпэщахэм. Къэрэшей-Шэрджэсым и гъуазджэр зэрыкъулейр къыхагъэщу, жаІащ лъэпкъ ІэпщІэлъапщІагъэр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэ елэжьхэм ехъулІэныгъэ яІэну зэрагуапэр.

«Архъыз» телеканалым интервью щритым, Егоровэ Татьянэ жиІащ зэхыхьэм къыщаІэта Іуэхугъуэ псоми теухуауэ хабзэубзыхухэр зы гупсысэм, Іуэху еплъыкІэм зэрыхуэкІуар, жэрдэмхэр ди гъащІэм и гугъуехь нэхъыщхьэ дыдэхэр къызэрызэранэкІыным зэрытеухуар.

- Жэрдэмхэр хэт къыбгъэдэмыкІами, ахэр дэтхэнэ щІыналъэми щыщхьэпэну къысщохъу. Дэ апхуэдэуи къыдгуроІуэ а Іуэхухэр егугъуу зэлэжьыпхъэхэм зэращыщыр. Зэгъусэу дызэрылажьэм КИФЩІ-м и парламентархэм Іэмал къыдет Урысейм и Ипщэ щІыналъэхэм адэкІи зэрызаужьыным, цІыхухэм я псэукІэр зэІузэпэщ хъуным ди гуащІэ хэтлъхьэну, - дыщІигъуащ Егоровэм.

Къыхэгъэщыпхъэщ, СКПА-м Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэ псори къызэрызэщІиубыдэр. Зэгухьэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ къэрал хабзэхэр егъэфІэкІуэнымкІэ щІэгъэкъуэн хъуныр, урысей парламентаризмэм зегъэужьыныр, политикэ, экономикэ, социальнэ зэхъуэкІыныгъэхэм Іуэху бгъэдыхьэкІэщІэ къахуэгъуэтыныр, КИФЩІ-м я Парламентхэр зэдэгъэлэжьэныр.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэ.*

## ● КъБР-м щыхъыбархэр

### Нартыху Іухыжыным щоужьэрэкІ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым нартыхур Іухыжыным щоужьэрэкІ. НобэкІэ, республикэм и районхэм мэкъумэш ІэнатІэмкІэ я управленэхэм къызэратамкІэ, гектар мин 60-м щІигъум нартыху жылэу тонн мин 415-рэ къытрахыжащ.**

НЭГЪАБЭ и апхуэдэ пІалъэм яхузэфІэкІам нэхърэ проценти 2-кІэ нэхъыбэщ ар икІи зы гектарым ику иту центнер 67,8-рэ къытекІащ.

Республикэм щынэхъыщхьэ а мэкъумэш къэкІыгъэр мы гъэм тращІащ гектари 130-м щІигъум, хабзэ зэрыхъуауи, тонн мин 850-м щІигъу илъэс къэси къытрахыж. ЖыпІэнурамэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым нартыхуу къыщрахьэлІэжым и куэдагъымкІэ Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм я деж япэ увыпІэр щиІыгъщ.

### ЛъэмыжыщІэ тралъхьэ

**Новопавловск, Прохладнэ, Мэздэгу къалэхэр зэпызыщІэ автомобиль гъуэгум, «Солдатскэ» гъущІ гъуэгу станцым щхьэщыкІыу адэкІэ Ставрополь крайм хуэкІуэм, телъ лъэмыжыр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж.**

АБЫ метр 224-рэ и кІыхьагъщ икІи къэрал мыхьэнэ иІэщ - зы махуэм кърииубыдэу хьэлъэзешэ транспортрэ машинэ псынщІэу мин бжыгъэ щызэблокІ абдежым.

Иджыпсту ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм хыхьэу, лъэмыжым къыпекІуэкІыу пІалъэкІэ яухуа гъуэгур бгъуэ ящІ. Абы иужькІэ, лъэмыжым и лъабжьэр зэрахъуэкІынущ, асфальтрэ бетонрэ зэхэлъу тралъхьэжынущ, гъуэгу дамыгъэхэр щагъэувынущ, зэхыхьэпІэ-зэхэкІыпІэхэр къыщыхагъэщхьэхукІынущ.

Лэжьыгъэхэр зэфІагъэкІынущ 2026 гъэм и кІэхэм.

### Гъуэгухэр къагъэнэху

**Псори зэхэту километр 42-рэ зи кІыхагъ автомобиль гъуэгухэм иджырей уэздыгъэхэр щыпадзэ мы махуэхэм. Абы текІуадэ мылъкур къыхокІ республикэм и гъуэгу фондым. Лэжьыгъэхэр щызэфІэкІащ Уэзрэдж, Щхьэлыкъуэ, Терекскэ, Котляревскэ жылэхэмрэ Май къалэмрэ, ахэр иджыпсту щрагъэкІуэкІ Дей, Аргудан, Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэхэмрэ Нарткъалэрэ.**

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭМ хыхьэу гъущІым, гъущІымрэ бетонымрэ къыхэщІыкІа пкъохэр, иджырей трансформаторхэм я подстанцхэр, электрошкафхэр щагъэув, LED-уэздыгъэхэр, кронштейнхэр щыпадзэ.

Лъэпкъ пэхуэщІэм ипкъ иткІэ ди щІыналъэм щрагъэкІуэкІ гъуэгу лэжьыгъэхэм хиубыдэу иджыри Александровскэ, Курп Ищхъэрэ, Ташлы-Тала, Нейтринэ, Сэрмакъ, Каменкэ къуажэхэм, псори зэхэту километр 20-м щІигъу зи кІыхьагъым, иджырей уэздыгъэхэр щыпадзэнущ.

2025 гъэм и кІэхэм ирихьэлІэу республикэм и автомобиль гъуэгуу къызэщІагъэнэхуэнум и кІыхьагъыр псори зэхэту километр 60-м щІигъунущ.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.**



## ПсэупIэхэр ирагъэфIакIуэ

**Фэтэр куэду зэхэт унэхэр (МКД) къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэпыркъым.**

АБЫ хуэунэтIауэ щыIэ фондым къызэритамкIэ, дызэрыт илъэсым зыхуагъэувыжауэ щыта къалэным и процент 92-р нобэкIэ ягъэзэщIащ: зэлэжьыну яубзыхуауэ щыта унэ 68-м щыщу 62-р зыхуей хуагъэзащ.

Унэ 23-м лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэр щрагъэкIуэкIащ: унащхьэхэр къагъэщIэрэщIэжащ, IуплъапIэхэм яIэ дертхэр ягъэзэкIуэжащ, теплъэ дахэ иратащ, ялэжащ, инженер коммуникацэхэри зэрахъуэкIащ е зэрагъэпэщыжащ. Унэ 34-м я унащхьэхэр зэрахъуэкIащ.

ЖыпIэнурамэ, фэтэр куэду зэхэт унэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным ехьэлIауэ ди къэралым и щIыналъэхэм 2024 гъэм щрагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм уззэуеплъмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэхъыфIхэм ящыщщ. КъБР-м и щIыналъэ фондыр къызэрызэрагъэпэщрэ республикэм къат куэду зэтет и унэу 600-м щIигъу зыхуей хуагъэзащ, лифту 200-м щIигъу абыхэм щызэрахъуэкIащ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

## Мы махуэхэм

**Жэпуэгъуэм и 25,** *щэбэт*

♦**Урысей Федерацэм и Таможенникым и махуэщ**

♦**1941 гъэм** къызэрагъэпэщащ зыхъумэжыныгъэмкIэ Налшык комитетыр.

♦**1977 гъэм** «СССР-м и цIыхубэ дохутыр» цIэ лъапIэр ягъэуващ.

♦**1911 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхакIуэ **Елмэс Хьэжбий**.

♦**1915 гъэм** къалъхуащ парт, къэрал къулыкъущIэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Бгъэжьнокъуэ Хьэчим**.

♦**1917 гъэм** къалъхуащ шапсыгъ тхыдэдж, СССР-м цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныгъэмкIэ и отличник **Нэпсо Фазил**.

♦**1928 гъэм** къалъхуащ журналист, УФ-ми КъБР-ми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу илъэс куэдкIэ щыта **Мырзэкъан Суфян**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ Сирием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, СХьР-м и Парламентым и депутату, Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу илъэс куэдкIэ лэжьа **Абазэ Шараф**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градус 11 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 26,** *тхьэмахуэ*

♦**1942 гъэм** советыдзэхэр икIуэту Налшык къалэм дэкIын хуей хъуащ.

♦**1926 гъэм** къалъхуащ «Красный Кавказ» колхозым и унафэщIу илъэс куэдкIэ щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Тхьэкъуахъуэ Башир**.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым илъэс куэдкIэ щылэжьа, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Джэлэс Тауджид**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, МэлбахъуэТимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм и унафэщI **Емуз Анатолэ**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Куэтэншы Хьэсэн**.

♦**1956 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор **Дзыгъуанэ Ритэ**.

♦**1971 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м и доцент **УнэIокъуэ Вячеслав**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градус 11 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 27,** *блыщхьэ*

♦**Аудиовизуальнэ щIэиныр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Гимнастикэм и дунейпсо махуэщ**

♦**1940 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ Къэбэрдей, Балъкъэр драмэ театрхэр.

♦**1951 гъэм** лышх узыфэм ебэныным япэ дыдэу къыхуагъэсэбэпащ радиацэ бзийхэр.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, журналист **Къамбий Джэфар**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градуси 9 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ЯгъэфIэрей джэдур щхьэнтэтесу къонэж.**

## Саугъэт лъапIэр къыхуагъэфащэ

● Зэхьэзэхуэ

**«Спортым хуэщIа курорт нэхъыфI» зэхьэзэхуэм къарикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь наIуэ къызэрыхъуамкIэ, япэ увыпIэр къыхуагъэфэщащ «Iуащхьэмахуэ» бгы-лыжэ зыгъэпсэупIэм икIи абы къратащ «Ski Business Awards»-м и саугъэт лъапIэр. Ар наIуэ къыщащIащ Мэзкуу къалэм и «Лужники» спорт комплексым иджыблагъэ щекIуэкIа «Туризмэм зыщиужьа щIыналъэхэм я зэхуэсым» и япэ махуэ лэжьыгъэм.**



ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтахэм я зэфIэкIхэр къэзыпщытар абы хуэхьэзыр, а унэтIыныгъэм фIыуэ хэзыщIыкIхэрщ икIи курортхэм хуагъэува баллхэмкIэ абыхэм жэуап щахьыжащ комиссэм и пащхьэм - фIыуэ къыщIалъыта щапхъэхэр къахьу, зыгъэпсэхупIэр цIыхухэм ягу зэрырихьым щыхьэт техъуэу икIи, апхуэдэ щIыкIэкIэ, Iуэхум нэфI-ней хэмыту зэфIагъэкIащ.

Кавказ.РФ-м и унафэщI Юмшанов Андрей зэрыжиIамкIэ, Iуащхьэмахуэр зэхьэзэхуэм щыпхагъэкIащ дуней псом щыцIэрыIуэ бгы уардэу зэрыщытым къыдэкIуэу, турист щIыпIэ дахэхэр абы зэрыщыIэмрэ спортым хуэунэтIа курорту ар зэрыщытымрэ къалъытэу.

«Ski Business Awards»-м и саугъэтыр 2018 гъэм щегъэжьауэ «Туризмэм зыщиужьа щIыналъэхэм я зэхуэсым» и зэIущIэм щат икIи абы къызэщIеубыдэ УФ-м и туризм индустрием хэт бгы-лыжэ курортхэр.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

## ЩIэныгъэ журналым и къыдэкIыгъуэ

● ЩIДАА

**Дунейм къытехьащ ЩIДАА-м и щIэныгъэ журналым и 3-нэ къыдэкIыгъуэр.**




ФИЗИКЭ къудамэмкIэ къэхутэныгъэщIэ утыку кърихьащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, РАЕ-м и академик Дзэхъу Магомед. Ар тетхыхьащ къаруушхуэ зыпхыкI гъущIхэкIхэр зэрызэтепщIыкI Iыхьэхэм я зэпылъыпIэм щызэхуихьэс гуащIэр къызэрапщытэ термодинамикэ Iэмалыщlэм.

Мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ докторхэу Алий Игорь, Тамахинэ Аидэ, Бакуев Жамал, мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ кандидат Хамаровэ Зорэ сымэ щIыуэпс къудамэм хуагъэхьэзыращ Кавказ Ищхъэрэ джабащхьэхэм щыкI Iэрысэхэм я бжыгъэр къызэрапщытам теухуа тхыгъэр. Абыхэм зэрыжаIамкIэ, бгы лъапэм щыкI жыгхэм джабащхьэм тетхэм нэхърэ хуэдэ 1,5 - 5-кIэ нэхъыбэ къапокIэ.

Биологие щIэныгъэхэмкIэ кандидатхэу Къэзанш Людмилэ, Мэрзей Анитэ, Къумыщ Юлие сымэ къызэдапщытащ КъБР-м щежэх Тэрчыпсым и гъуэз зэхэлъыкIэр. Тхыгъэм къызэрыхэщымкIэ, псы ежэххэр зэи къабзэкъым, сыту жыпIэмэ, химие пкъыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ гъэнщIащ, ар зэпымычу щIым зэрылъэIэсым къыхэкIыу. ИкIи а пкъыгъуэхэр зэхэшыпсыхькIэрэ, гъуэз зэмылIэужьыгъуэхэр псым хаутIыпщхьэ. А псори дыкъезыухъуреихь дунеймрэ псыр зыщIэлъадэ жыгхэмрэ мэкъумэшымрэ зэран яхуэхъункIэ зэрыхъунур къапщытэн папщIэ зэпымычу ядж ди щIэныгъэлIхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и джабэнэкIухэм щыкI мыIэрысэ жыг хадэхэм я бэвагъыр къапщытащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ докторхэу Тамахинэ Аидэ, Бакуев Жамал, мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ кандидат Бышэн Хьэсэнбий сымэ. Абыхэм къыхагъэщхьэхукIащ джабэнэкIухэм нэхъыфIу щыкI, щыбагъуэ мыIэрысэ жыг лIэужьыгъуэхэр.

Медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Махуэ Мурат тетхыхьащ гъутхъэпщI уз гъэтIылъа зиIэхэр зэрыбауэ лъышэр пIалъэ-пIалъэкIэ гъэмэщIэным узыншагъэр зэрыригъэфIакIуэм. Мы Iэмалыр зэрыфIым щыхьэт техъуэ къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэкIащ, ауэ а лэжьыгъэм адэкIи пащэну я мурадщ.

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал академием и аспирант Хьэмыкъу Жаннэ журналым и экономикэ къудамэм хуигъэхьэзыращ щIыналъэ экономикэм и ESG-р зыхуэдэр къэпщытэным теухуауэ ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэмрэ къэхутэныгъэхэмрэ къарикIуар.

XX лIэщIыгъуэм Хэкум щызэфIэува псэлъэкIэр джыным пыщIа Iуэху зэIумыбзхэр къигъэнэхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Адыгэ къэрал университетым и профессор Понэж Учыжыкъуэ.

Кавказ лъэпкъхэм я литературэм ехьэлIауэ щыIэ Iуэху зэIумыбзхэм тетхыхьащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик БакIуу Хъанджэрий. «ЩIэплъыпIэм адэкIэ сыт щыIэр?» зыфIища тхыгъэмкIэ щIэныгъэлIым жеIэ кавказ лъэпкъ литературэм ди щэнхабзэр нэщIысауэ къызэрыщымыгъэлъэгъуэр, ар гъэзэкIуэжыным теухуауэ тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ чэнджэщ ярет.

Биологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м биологиемкIэ и кафедрэм и доцент ХьэтIэхъу Iэубэчыр тетхыхьащ къэбэрдейхэмрэ балъкъэрхэмрэ зыхэпсэукI щIыуэпсыр я лъэпкъ ухуэныгъэм къызэрыхэщымрэ Къэбэрдейр Урысейм гухьа нэужь абы зэрызихъуэжамрэ.

Къищынэмыщlауэ, журналым и 3-нэ къыдэкIыгъуэм ихуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Щхьэгъэпсо Сэфарбий и Iэдакъэ къыщIэкIа «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ яхъумэхэм щыкI Iэгъэбэгухэр» тхылъым теухуауэ Литвинская Светланэ итха рецензэр.

ЩIэныгъэлI БакIуу Хъанджэрий и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъум, ЩIДАА-м и вице-президент Гварамиа Алекъ и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъум ирихьэлIэу, абыхэм я щIэныгъэ лэжьыгъэмрэ гъащIэмрэ теухуа тхыгъэхэмкIи гъэбжыфIащ мы къыдэкIыгъуэр.

**ФЫРЭ Анфисэ.**



● Пресс-конференц



# Зеиншэхэм щыпсэун дауэ зыIэрагъэхьэфыну?

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм жэпуэгъуэм и 22-м пресс-конференц щекIуэкIащ сабий зеиншэхэмрэ зи адэ-анэхэм ямыпIыжхэмрэ щыпсэункIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ. Нэхъ пыухыкIауэ жыпIэмэ, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министрым и къуэдзэ Мокаев Ашэмэз зи гугъу ищIар, зи ныбжьыр илъэс 23-рэ хъуахэм ират федеральнэ сертификатым къыдэкIуэу, республикэм игъэува, унэ зратын хуейуэ зи чэзум пэплъэхэм зэ етыгъуэу хухах ахъшэрщ. Ар къыIах хъунущ илъэс 18-м къыщыщIэдзауэ 22-рэ зи ныбжьхэм.**

- РЕСПУБЛИКЭМ щопсэу унэ зимыIэ сабий зеиншэу 1502-рэ, абыхэм ящыщу 1241-р балигъ хъуащ, я ныбжьыр илъэс 18 ирикъуащи, щыпсэун яIэн хуейщ. Иджыпсту Iэмал зыбжанэ щыIэщ абыхэм папщIэ, псалъэм и хьэтыркIэ, фэтэр куэду зэхэт унэ хьэзырхэм е щIэуэ ящIхэм къэралым псэупIэ къащыхуищэхунырщ е, федеральнэ унафэр и лъабжьэу, сертификат къащтэнырщ, - жиIащ Мокаевым. - Япэм - унэр е фэтэрыр къэралым ейуэ ягъэуври, зеиншэм зэгурыIуэныгъэкIэ бэджэнду ират. Илъэси 3 - 5 пIалъэр икIа иужь, фэтэрыр и цIэкIэ иригъэтхыж хъунущ. Илъэс къэс сабий зеиншэу 20-м къыщыщIэдзауэ 50-м нэс унэ ират, къапщтэмэ, дызэрыт гъэм фэтэр 22-рэ яIэрыхьэнущ зеиншэхэм ящыщу зи чэзукIэ япэу щытхэм. 2025 гъэм къыщыщIэдзауэ республикэм сабий зеиншэхэмрэ зи адэ-анэхэм ямыпIыжхэмрэ сертификат яритын щIидзащ илъэс 23-рэ хъуахэм. Сертификатыр къуатын папщIэ дэфтэр зыбжанэ зэбгъэпэщын хуейщ, апхуэдэуи псэун щхьэкIэ цIыхур нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейуэ къэралым къилъыта сом бжыгъэм нэхърэ нэхъыбэ унагъуэм щIэс дэтхэнэми къилэжьу щытыпхъэщ. Илъэс 23-м зи ныбжьыр щхьэдэха зеиншэу, унэ ямыIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щопсэу цIыху 721-рэ. Абыхэм яхузэфIэкIыркъым сертификатыр зыIэрагъэхьэну, я хэхъуэр жыхуаIэ бжыгъэм зэрынэмысым къыхэкIыу. 2024 гъэм къыщыщIэдзауэ тхылъымпIэр къратыну цIыху 98-рэ щIэлъэIуати, 65-м иратауэ аращ.

Иджыпсту Къэрал Думэм щыхоплъэ а Iуэхум, зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэмэ, а Iэмалыр нэхъыбэм къагъэсэбэпыфынущ.

Мы зи гугъу тщIахэм фэтэр хуейуэ зи чэзум пэплъэхэм я бжыгъэр зы илъэсым къриубыдэу процент 60 - 70-кIэ егъэмащIэ, ауэ Iуэхур абыкIэ зэфIэкIыркъым. Абы нэхъ зегъэубгъуным папщIэщ зы ныбжьыр илъэс 23-рэ иримыкъуахэм (илъэс 18 - 22 хъухэм) зэ етыгъуэу ахъшэ иратыным (сом 1840000) щIыхуэкIуар. БалигъыпIэ иувэху еIусэ мыхъуну къэралым кърит мылъкури, зэхуихьэсаIауэ иIэми хилъхьэу зыхуей унэм хуэдэ республикэм и дэтхэнэ щIыналъи къыщищэхуну хуитщ (федеральнэ сертификатымкIэ апхуэдэ Iэмал яIэкъым, цIыхур щытха щIыпIэм фIэкIа), мылъкури япэ махуэм щыщIэдзауэ езым ейуэ щытынущ. ИтIанэ, мыхьэнэшхуэ иIэщ ар къыIахыныр я хэхъуэм зэремылъытам.

КъБР-м «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу сабий зеиншэхэмрэ зи адэ-анэм ямыпIыжхэмрэ псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэным ехьэлIа шэсыпIэ гуэдзэнхэр» жиIэу къыщащта Унафэ №2-РЗ-м, 2012 гъэм мазаем и 17-м къыдэкIам, зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ икIи КъБР-м и Правительствэм 2025 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м къищта постановленэ №171-ПП-м ипкъ иткIэ, зи гугъу тщIы ахъшэр зэрыратыну щIыкIэр ягъэбелджылащ.

Сабий зеиншэхэм ящыщу дэтхэнэми къыIихыфынущ ар мы IуэхугъуиплIым пэIэщIэмэ: налог щIыхуэ темылъмэ, наркологие, психиатрие учётхэм щымытмэ, суд трамыщIыхьамэ е хабзэм ебэкъуауэ къамылъыхъуэмэ, гъащIэм къигъэув щытыкIэ гугъу гуэрым къыхэшын хуейуэ къамылъытамэ.

2025 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м лъэIу тхылъхэр къыIахын щIадзэ. Абы папщIэ цIыхухэр кIуэ хъунущ опекэмкIэ район, къалэ IуэхущIапIэхэм, апхуэдэуи КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм. Iуэхум махуэ щхьэхуэхэр хухэтхынукъым, зи щхьэ къыдэзыхьэлIэ дэтхэнэми ди гуапэу ди чэнджэщ зэхедгъэхынущ, сэбэп дыхъунымкIэ тлъэкI къэдгъэнэнукъым. Зыхуей мылъкум хуэдиз Правительствэм къиутIыпщыну хьэзырщ. Ятыну ахъшэр къеIызых хъуну сабий зеиншэхэм я бжыгъэр 600-м ноблагъэ. Iэмалу щыIэр къэдгъэсэбэпрэ Iуэхум нэхъыфI зэрыхъунум хуэдэу дыбгъэдыхьэмэ, зэман гъунэгъум цIыху куэдым щыпсэун унэ зэрагъэпэщыфынущ, - дыщIигъужащ Ашэмэз.

Псори убгъуауэ, зэпкърыхауэ журналистхэм я пащхьэ кърилъхьащ къулыкъущIэм, ауэ зэIущIэм къырихьэлIахэм зыщIэупщIэн яIэт. Абыхэм я упщIэхэм япкъ иткIэ, Ашэмэз къытеувыIащ къащэху хъуну унэм ехьэлIауэ жыпхъэ гуэрхэр зэрыщыIэм. Псалъэм папщIэ, абы ущIыхьэу ущыпсэу хъун хуэдэу щытын хуейщ: зытхьэщIыпIэм плиткэ илъыпхъэщ, блынымрэ унэ лъэгумрэ зыхуей хуэзауэ, ток екIуэлIапIэхэр зэпэщу щытын хуейщ. КъищэхунуР езым къигъуэту дэфтэрхэр зэпэща иужь, ахъшэр фэтэрыр е унэр зыщэм и счётым хуагъэхьыну аращ.

Ипотекэ кредиткIэ къищэхун унэ къигъуэтамэ, къэралым къритыну мылъкум къыщхьэщымыкIыу щытын хуейщ уасэр, ар хилъхьэжу псори зэуэ ипшыныжыфын хуэдэу. Апхуэдэуи а IэмалымкIэ унэ къищэхуауэ щIыхуэр ипшынмэ, сом 1840000-р банкым хилъхьа иужь щIыхуэ къытемынэнумэ, ари Iэмалу къигъэсэбэпыфынущ. ТIум щыгъуэми унэр и цIэкIэ игъэувыным зэран хуэхъунущи, унэр банкым шэсыпIэу иIыгъ хъунукъым.

Къэгъэлъэгъуа мылъкур илъэс къакIуэ хэхъуэн-хэмыхъуэным теухуауэ щыщIэупщIэхэм, Ашэмэз жиIащ мызыгъуэгукIэ зэрыхамыгъэхъуэнур.

УпщIэ гъэщIэгъуэну икIи министерствэр зэмыгупсысауэ къыщIэкIащ зеиншитI зэщхьэгъусэ хъуамэ, абыхэм я ахъшэхэр зэхалъхьэу зы унэ къащэху хъун-мыхъуныр. «Апхуэдэ зэщхьэгъусэхэр мызу-мытIу щыIэщ пэж дыдэу, псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ я мылъку зэхалъхьэным къемызэгъи хэлъкъым. Ауэ тхылъымпIэм нэса иужь зэгупсысыпхъэ щыIэщи, Iуэхум ехьэлIауэ лажьэ къэпщытакIуэ гупым хэкIыпIэ къыхуагъуэтыну си гугъэщ», - жиIащ ди псэлъэгъум.

Фэтэр къызэращэхуну мылъкуу къэгъэлъэгъуар нэгъабэ сом мелуани 110-уэ щытамэ, мы гъэм а бжыгъэр мелуани 170-рэ мэхъу. Федеральнэ сертификатхэмкIэ сом мелуан 60 щыIамэ, ар зэрыщыту трагъэкIуэдащ унэ къэщэхуным. Илъэс 18 - 22 хъухэм щхьэкIэ къыхалъхьа, зэ тыгъуэу зеиншэхэм иратыну ахъшэм ехьэлIауэ жыпIэмэ, ди республикэм и Правительствэм и пщэ делъхьэж, пыухыкIа бжыгъэ мыхъуу, ирикъун мылъку Iуэхум хилъхьэну.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# IутIыж Борис и усыгъэ дунейм

**«Жэпуэгъуэр IутIыж Борис и мазэщ», - жеIэ «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, «Жан» литературэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Заринэ. Жэпуэгъуэм и 15-м, IутIыжыр къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу, Налшык, Пушкиным и уэрамым тет къалэ библиотекэ нэхъыщхьэм щекIуэкIащ абы и IэдакъэщIэкIхэм щытепсэлъыхьа, и усэхэм, сонетхэм, гущIагъэщIэлъхэм къыщеджа зэIущIэ дахэ. Абы щызэхуэсащ «Жан» зэгухьэныгъэм хэтхэр.**

- БИБЛИОТЕКЭМ тхылъ куэдрэ къытхурахьэлIэ. Хэт къытхуоупсэ, хэт гъэтIылъыпIэ иIэкъыми, ди деж къехь, хэт езым щIиджыкIахэм нэгъуэщIхэри иригъэджэну хуейщи, къыщIелъхьэ. Ди тхакIуэхэм, усакIуэхэм ятеухуа пшыхьхэр библиотекэм къыщызэдгъэпэщыну тфIэфIщ. Мис, нобэ IутIыж Борис и IэдакъэщIэкIхэм, и тхылъхэм, и гупсысэхэм ятеухуауэ литературэ плIанэпэ дахэ дгъэхьэзыращи, фыкъыбгъэдыхьэ, феплъ, гупсысэ къыхэфх. Сытым дежи фыдигуапэщ, нэхъыбэрэ фыкъеблагъэ! - жиIащ библиотекэм и унафэщI Щэрдан Эммэ.

Къаныкъуэ Заринэ зэIущIэм хэтхэм ядэгуэшащ IутIыж Борис епхауэ езым иIэ гукъэкIыжхэмкIэ. Усыгъэм, драматургием, унагъуэм, лэжьыгъэ IэнатIэм щигъэззэщIа Iуэхушхуэхэм я мыхьэнэм и инагъми къытеувыIащ.

- УсакIуэ нэсыр зыхуэдэр езы IутIыж Борис и псалъэхэмкIэ иджыри зэ зыхывэзгъэщIэну сыхуейщ, - жиIащ телевиденэм и адыгэ редакцэм щылажьэ Джэду Сэкинэт, икIи абы и гухэлъ усэ зыбжани къеджащ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщI НэщIэпыджэ Замирэ къыхигъэщащ IутIыжым и IэдакъэщIэкIхэм укъыщеджэкIэ, укъэзыгъэуIэбжь телъыджэ гуэрхэм гу зэрылъыптэр, жиIащ «Жаным» и фIыгъэкIэ, иджырей адыгэ литературэм къыхыхьэ тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIхэр къызэрынаIуэр. Ар къеджащ езым нэхъыфI дыдэу илъагъу сатырхэм.

- Егъэлеяуэ си гум къыдохьэ, си псэм пэгъунэгъущ IутIыж Борис и тхэкIэр. И тхыгъэхэм яхэтщ нэщхъеирилэ куэд. Ауэ, гъэщIэгъуэнракъэ, дапхуэдизу гуузу щымытми, моуэ гъащIэм укъыхупигъэгуфIыкIрэ гугъэ гуэри къуитыжу зыгуэр яхэлъщ. Псом хуэмыдэжу зыхызощIэ Борис и гущIагъэщIэлъхэр. АпхуэдизкIэ куущ ахэр, апхуэдизкIэ Iуэхугъуэ куэди къызэщIаубыдэри, гъащIэм къыпхуигъэув упщIэхэм я жэуап къыхыбохыф. «Мыр дауэ цIыхум зэрыхузэфIэкIыр, мыпхуэдэ гупсысэр апхуэдизу зыхыуигъэщIэфын щхьэкIэ, и псэм и беягъыр сыт хуэдизу щытын хуей?» - жыпIэу богъэщIагъуэ IутIыж Борис и философие гупсысэхэр. Борис и гущIагъэщIэлъхэр зэрыт тхылъыр апхуэдизкIэ сэркIэ лъапIэщи, си Iэнащхьэм зэи тесхыркъым, щIэх-щIэхыури къызэIузох.

Иджы сэ сыщIохъуэпс тхакIуэшхуэм и псалъэхэр ди щIэблэм яджыну, къагурыIуэну, зэхащIыкIыну. IутIыжым и анэдэлъхубзэм, и литературэбзэм хэлъ хъугъуэфIыгъуэр ди адыгэ щIалэгъуалэм ялъысыну сахуохъуапсэ! - жиIащ «Солнышко» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ Жэрыщты Залинэ.

- Ди телевиденэм и адыгэ редакцэм и лэжьакIуэхэу Шурдым Жан, Джэду Сэкинэт сымэ езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ нэтын щхьэхуэхэр ягъэхьэзыращ IутIыж Борис теухуауэ. ИкIи дызэхэтIысхьэри нэтынхэм деплъыжащ, дытепсэлъыхьащ, усакIуэ телъыджэм и сатырхэм дриплъэжащ. IутIыж Борис апхуэдизкIэ цIыху щэджащэти, зы нэтынкIи, нэтын зыбжанэкIи къыпхуэгъэлъэгъуэнукъым абы зэфIэкIыу иIар. Сигу къоуэ Борис щыпсэум и псалъэм сызэрыщIэмыдэIуар, сызэрыримыхьэлIар. Ауэ щыхъукIи, и тхыгъэхэм, и ныбжьэгъуу щытахэм, дэлэжьахэм я гукъэкIыжхэм къыбгурагъаIуэ «щэм зыщ апхуэдэу къахэкIыр», щIыжаIэм и щхьэусыгъуэр, - къыхигъэщащ тележурналист Щоджэн Лаурэ. Ар Борис и гущIагъэщIэлъхэм ящыщ къеджащ.

КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Хьэмырзэ Ахьмэд ящыщщ IутIыж Борис и ныбжьэгъуну зи насып кърихьэкIахэм. Ар гукъэкIыж гуапэхэмкIэ ядэгуэшащ зэIущIэм хэтхэм.

- «НэхъыфI дыдэу слъагъу бжьыхьэм и курыкупсэм сыхэIэбэри, сэ езым къыхэсхыжащ», - жиIэу щытащ IутIыж Борис къыщалъхуа махуэм щытепсэлъыхькIэ. СынэхъыщIэ пэтми, сигъэныбжьэгъурт. Сыт хуэдэ и зы псалъэми хуэсакъырт ар. Апхуэдизу гурэ псэкIэ къабзэ цIыху адыгэ лъэпкъым къызэрытхэкIар дэркIи насыпщ. Сыту жыпIэмэ, ди акъылыр хунэсрэ ди щIэныгъэр пэлъэщмэ, Борис къызэринэкIа мылъку мыкIуэдыжыр къэдгъэсэбэпыну Iэмалрэ хуитыныгъэрэ диIэщ. НэгъуэщIыпIэ зэи щызэхыумыхын, нэгъуэщIым къипсэлъу уи нэгум къыпхущIэмыгъэхьэну псалъэхэр жиIэрт Борис. «Сыт сэ мы сымаджэщым щысщIэр? Сыдогупсысей, сыкъогупсысэх, сыкIуэцIрогупсысыкI, сыкъыкIуэцIрогупсысыкIыж»... Мис мыпхуэдэурэ псалъэрт.

Хьэмырзэ Ахьмэд жиIащ «Анэпсэ» усэр нэхъыфI дыдэу илъагъуу хэм зэращыщыр икIи абы зэIущIэм къыщеджащ.

ЗэIущIэм и кIэухым Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым и студент, усакIуэ ныбжьыщIэ IэпщэАнзор игу Iэпих зы бжыгъэ жиIэщ, абы техуэ напэкIуэцIыр IутIыж Борис и усэ тхылъым къыщызэIуихри, къеджащ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



## Мэрем, жэпуэгъуэм и 31

### Первый канал

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «Человек и закон» (16+)
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** «Голос. Дети». Новый сезон (0+)
**23.40** Концерт группы «Чайф» (12+)
**01.30** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### Россия 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** Прямой эфир (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** «Ну-ка, все вместе!» (12+)
**23.55** «Истории Большой Страны» (12+)
**00.55** Х/ф «НИКОМУ НЕ ГОВОРИ» (16+)

### НТВ

**04.55, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «ДНК» (16+)
**17.55** «Жди меня» (12+)
**20.00** Т/с «ВАСЬКА» (16+)
**22.15** Т/с «РЕАЛИЗАЦИЯ» (16+)
**00.20** «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
**02.15** «Захар Прилепин. Уроки русского» (12+)
**02.40** «Квартирный вопрос» (0+)
**03.35** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

### Звезда

**06.40** Т/с «ЛЕТУЧИЙ ОТРЯД» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.20** «Ищу своих» (12+)
**10.10** «Специальный репортаж» (16+)
**10.20** «Неизвестные сражения Великой Отечественной». «Карпаты. Испытание горами» (16+)
**11.15** «Неизвестные сражения Великой Отечественной». «Освобождение Силезии» (16+)
**12.00, 13.25** Х/ф «АКЦИЯ» (16+)
**14.20, 15.05, 17.15** Т/с «ДАЛЕКО ОТ ВОЙНЫ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**19.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым». «Калининград. Блокада» (12+)
**20.30** Д/с «Война миров» (16+)
**21.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно…» (16+)
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
**23.30** «Музыка+». «Легенды отечественной эстрады. народный артист РФ Юрий Маликов и группа «Самоцветы» (12+)
**00.40** Х/ф «ЕЩЕ РАЗ ПРО ЛЮБОВЬ» (16+)
**02.15** Х/ф «БАРМЕН ИЗ «ЗОЛОТОГО ЯКОРЯ» (16+)
**03.30** Х/ф «СВИНАРКА И ПАСТУХ» (16+)
**05.00** Д/с «Колониализм 2.0. Новые стратегии Запада» (16+)

### Россия К

**06.30** Диалоги о животных
**07.15** «Звезда Любови Орловой»
**07.35** Д/с «Ступени Цивилизации»
**08.25, 21.45** Т/с «МЕГРЭ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.25** Новости культуры
**10.20** Шедевры старого кино
**13.00** Д/с «Вначале было дело, или История русской промышленности»
**13.30** Д/с «Ступени Цивилизации»
**14.25** «И это все о нем»
**15.35** «Энигма»
**16.30** Письма из провинции
**17.15** Д/с «Забытое ремесло»
**17.30** «Путь Чайковского»
**17.55** «Путь Чайковского»
**19.45** Главная роль
**20.05** Открытая книга
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.50** Линия жизни
**23.40** Д/ф «Сила слова»
**01.10** Х/ф «ШВЕДСКАЯ СПИЧКА» (16+)

### Матч!

**06.00** «Тайны звезд спорта» (12+)
**06.30** «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
**07.00, 09.00, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 11.35, 22.00, 01.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** «Небесная грация» (6+)
**09.25** «Эволюция спорта» (12+)
**10.30** Смешанные единоборства. А. Кошкин - А. Бойко. АСА. Трансляция из Москвы (16+)
**12.35** Лица страны (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** «10 лет в спорте» (12+)
**14.55** «10 лет в спорте» (12+)
**15.30** Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
**19.25** Хоккей. «Локомотив» (Ярославль) - СКА (Санкт-Петербург). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
**22.50** Футбол. «Хетафе» - «Жирона». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**01.55** «Эволюция спорта» (12+)
**02.55** Д/ф «Конор Макгрегор. Ирландец» (16+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Баскетбол. УГМК (Екатеринбург) - «Надежда» (Оренбургская область). Суперкубок РФБ. Женщины (6+)

## Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 1

### Первый канал

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15** «Время покажет» (16+)
**14.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**17.00** «Кто хочет стать миллионером?» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** «Сегодня вечером» (16+)
**20.00** Музыкальный фестиваль «Голосящий КиВиН-2025» (16+)
**21.00** «Время»
**21.35** Музыкальный фестиваль «Голосящий КиВиН-2025» (16+)
**23.50** Х/ф «КЕНТАВР» (18+)
**01.40** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### Россия 1

**05.00** Утро России
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.00** «Доктор Мясников» (12+)
**13.00** Большие перемены
**14.30** Вести. Местное время
**14.50** «Юморина-2025» (16+)
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**20.50** Вести. Местное время
**21.00** Х/ф «ТЫСЯЧА РОЗ» (16+)
**00.35** Х/ф «ТОТ МУЖЧИНА, ТА ЖЕНЩИНА» (16+)

### НТВ

**04.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**08.20** «Поедем, поедим!» (16+)
**09.20** «Едим дома»
**10.20** «Главная дорога» (16+)
**11.00** «Живая еда» с Сергеем Малоземовым» (12+)
**12.00** «Квартирный вопрос» (0+)
**13.00** «Сатья» (16+)
**14.00** «Секрет на миллион» (16+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Своя игра» (0+)
**18.00** «Следствие вели…» (16+)
**20.00** «ВИА Суперстар!» (16+)
**23.45** «Звезды» (16+)
**02.05** ЧП. Расследование (16+)
**02.40** «Дачный ответ» (0+)
**03.35** Х/ф «ЭКСПЕРТ» (18+)

### Звезда

**05.35** Х/ф «ИВАН ДА МАРЬЯ» (16+)
**07.20** Х/ф «ПОЕЗД ВНЕ РАСПИСАНИЯ» (16+)
**09.00, 13.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Второе мнение» (12+)
**09.45** «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным» (12+)
**10.35** «НЕ ФАКТ!» (12+)
**11.05** «Легенды музыки» (12+)
**11.35** «Легенды кино». Олег Стриженов (12+)
**12.30** «Жить после». Евгений Дмитриев (16+)
**13.20, 19.25** Т/с «РОССИЯ МОЛОДАЯ» (16+)
**02.55** Х/ф «ПРАВДА ЛЕЙТЕНАНТА КЛИМОВА» (16+)
**04.20** Д/с «Колониализм 2.0. Новые стратегии Запада» (16+)

### Россия К

**06.30** Диалоги о животных
**07.15** «Звезда Валентины Серовой»
**07.35** Д/с «Ступени Цивилизации»
**08.25** Т/с «МЕГРЭ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.45** Новости культуры
**10.15** Х/ф «МЫ С ВАМИ ГДЕ-ТО ВСТРЕЧАЛИСЬ» (16+)
**11.45, 01.30** «ХХ век»
**12.45** Д/ф «Редкий жанр»
**13.30** Д/с «Ступени Цивилизации»
**14.20** «И это все о нем»
**15.30** Д/ф «Как Иван Пигарев сон изучал»
**16.45** Семидесятые
**17.15** Д/с «Первые в мире»
**17.35** «Путь Чайковского»
**19.45** Д/с «Твердыни земли русской». «Детинец Новгородский»
**20.35** Х/ф «ДЕСЯТЬ НЕГРИТЯТ» (16+)
**22.50** «2 Верник 2»
**00.00** Х/ф «МЫ С ВАМИ ГДЕ-ТО ВСТРЕЧАЛИСЬ» (16+)
**02.15** М/ф «Прометей». «О море, море!..». «Сундук»

### Матч!

**06.00** «Тайны звезд спорта» (12+)
**06.30** «Все о главном» (6+)
**07.00, 14.20** Новости
**07.05, 16.30, 01.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**14.25** Волейбол. «Динамо-Урал» (Уфа) - «Белогорье» (Белгород). Чемпионат России. Суперлига. Мужчины. Прямая трансляция
**17.15** Футбол. «Рубин» (Казань) - «Динамо» (Москва). МИР. Российская премьер-лига. Прямая трансляция
**19.45** Футбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Локомотив» (Москва). МИР. Российская премьер-лига. Прямая трансляция
**22.50** Футбол. «Реал» (Мадрид) - «Валенсия». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**02.00** Смешанные единоборства. С. Гарсия - Д. Онама. UFC. Прямая трансляция из США
**05.00** Бокс. Э. Родригес - З. Кавендер. Bare Knuckle FC. Прямая трансляция из США

## Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 2

### Первый канал

**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10** Играй, гармонь любимая! (12+)
**06.55** «Часовой» (12+)
**07.25** «Здоровье» (16+)
**08.30** «Золотая коллекция «Союзмультфильма» (0+)
**09.10** «Непутевые заметки» (12+)
**09.30** «Мечталлион». Национальная Лотерея (12+)
**10.15** «Жизнь других» (12+)
**11.05** «Повара на колесах» (12+)
**12.15** «Будем жить!» (16+)
**13.10** «Видели видео?» (0+)
**14.25** «Горячий лед». Фигурное катание. Гран-при России-2025. Этап II. Короткая программа (0+)
**15.35** Х/ф «КОМАНДИР» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.00** «Две звезды». Семейный подряд (12+)
**21.00** «Время»
**23.00** Т/с «ОПАСНАЯ БЛИЗОСТЬ» (18+)
**00.00** Х/ф «МАРАДОНА» (16+)

### Россия 1

**05.30** Х/ф «МОСКВА - ЛОПУШКИ» (16+)
**07.20** «В кругу друзей»
**08.00** Местное время. Воскресенье
**08.35** «Когда все дома с Тимуром Кизяковым»
**09.25** Утренняя почта с Николаем Басковым
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.00** «Доктор Мясников» (12+)
**13.00** Судьба человека с Борисом Корчевниковым (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**15.00** Петросян-шоу (16+)
**17.50** «Песни от всей души» (12+)
**20.00** Вести недели
**22.30** Москва. Кремль. Путин
**23.00** Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**01.35** Х/ф «МАМА ПОНЕВОЛЕ» (16+)

### НТВ

**05.10** «Жди меня» (12+)
**05.55** Х/ф «ЗОЛОТОЙ ТРАНЗИТ» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** «У нас выигрывают!» (12+)
**10.20** «Первая передача» (16+)
**11.00** «Чудо техники» (12+)
**12.00** «Дачный ответ» (0+)
**13.00** «НашПотребНадзор» (16+)
**14.00** «Однажды…» (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** Человек в праве с Андреем Куницыным (16+)
**17.00** «Следствие вели…» (16+)
**18.00** «Новые русские сенсации» (16+)
**19.00** Итоги недели
**20.20** «Ты супер!» (6+)
**23.40** «Звезды сошлись» (16+)
**01.15** Квартирник НТВ у Маргулиса (16+)

### Звезда

**04.55** Т/с «ДАЛЕКО ОТ ВОЙНЫ» (16+)
**09.00** Новости недели с Юрием Подкопаевым (16+)
**09.25** «Служу России» (12+)
**09.55** «Военная приемка» (12+)
**10.40** «Легенды армии с Александром Маршалом». Даниил Юрьев (12+)
**11.30** «Легенды госбезопасности». «Полковник Медведев. Рейд особого назначения» (16+)
**12.20** Д/с «Война миров» (16+)
**13.10** «Код доступа» (12+)
**14.00** «Улика из прошлого» (16+)
**14.50** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**15.40** Д/с «Секретные материалы» (16+)
**16.30** «Загадки века с Сергеем Медведевым». «СССР. Урановый проект» (12+)
**17.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно…» (16+)
**18.00** Главное с Ольгой Беловой (16+)
**19.40** Д/с «Легенды советского сыска» (16+)
**23.00** «Фетисов». Ток-шоу (12+)
**23.55** Х/ф «ВСАДНИК БЕЗ ГОЛОВЫ» (16+)
**01.45** Х/ф «АКЦИЯ» (16+)
**03.15** Д/с «Колониализм 2.0. Новые стратегии Запада» (16+)
**04.05** Х/ф «В ДОБРЫЙ ЧАС!» (16+)

### Россия К

**06.30** М/ф «Приключения Буратино»
**07.45** Х/ф «ШВЕДСКАЯ СПИЧКА» (16+)
**08.40** Диалоги о животных
**09.20** Д/ф «Служили два товарища». Вот пуля пролетела - и ага!»
**10.00** Х/ф «СЛУЖИЛИ ДВА ТОВАРИЩА» (16+)
**11.35** Гала-концерт Международного фестиваля народной песни «Добровидение-2025»
**13.45** Д/с «Элементы» с Ольгой Мусаковой»
**14.15** Х/ф «РЕВИЗОР» (16+)
**16.30** «Картина мира с Михаилом Ковальчуком»
**17.10** Д/с «Первые в мире»
**17.25** «Гала-концерт»
**19.30, 19.45** Новости культуры
**20.25** «Большая семья»
**22.10** Опера «Борис Годунов»
**01.05** Диалоги о животных
**01.45** Д/с «Искатели»
**02.30** М/ф «Мена». «Великолепный Гоша»

### Матч!

**06.00** Бокс. Э. Родригес - З. Кавендер. Bare Knuckle FC. Прямая трансляция из США
**07.30, 09.00, 11.20** Новости
**07.35, 13.20, 18.00, 00.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** «Век нашего спорта. Нина Познанская» (12+)
**09.40** «Век нашего спорта. Наталья Ветошникова» (12+)
**10.15** «Век нашего спорта. Лидия Скобликова. Уральская молния» (12+)
**11.25** Футзал. «Синара» (Екатеринбург) - «Норильский никель» (Норильск). Бетсити. Суперлига. Прямая трансляция
**13.55** Футбол. «Спартак» (Москва) - ЦСКА. Winline. Суперлига. Женщины. Прямая трансляция
**15.55** Баскетбол. «Пари Нижний Новгород» - УНИКС (Казань). Единая лига ВТБ. Прямая трансляция
**18.45** Футбол. «Краснодар» - «Спартак» (Москва). МИР. Российская премьер-лига. Прямая трансляция
**22.35** Футбол. «Милан» - «Рома». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**02.00** «Вы это видели» (12+)
**02.30** «Формула-1. Гаснут огни» (12+)

### ОТР

**Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 27**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «ЩIэныгъэлI, дипломат, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ Емуз Анатолэ» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Зэманымрэ цIыхумрэ». Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор БакIуу Хъанджэрий (12+)
**7.50** «Бжьыхьэр - бгыхэм» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** КъБР-м и симфоние оркестрым и концерт (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «ХъуэпсапIэм дамэ къызытригъэкIахэр» (12+)
**17.45** «Бынхэмрэ адэ-анэхэмрэ» (12+)
**18.15** «Парламент сыхьэт» (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, жэпуэгъуэм и 28**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «ЩIыналъэхэм щыхъыбархэр» (12+)
**6.35** Артист, журналист, усакIуэ Iусен Олег (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Парламент сыхьэт» (12+)
**7.40** «Ракурс». «IэпщIэлъапщIэ Скориков Юрэ и фэеплъу» гъэлъэгъуэныгъэм теухуауэ (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Бынхэмрэ адэ-анэхэмрэ» (12+)
**8.40** Си ЩоджэнцIыкIу Алий
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Си ужь нэхъ лъапIэ дыдэу къинэр…». Япэ нэтын (12+)
**17.50** КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Тхьэгъэзит Руслан и творческэ пшыхь (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 29**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Узыншагъэр хъумэн» (12+)
**6.40** «ЩIэплъыпIэ» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Си ужь нэхъ лъапIэ дыдэу къинэр…». Япэ нэтын (12+)
**7.50** «Къэбэрдей уэрам» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Балигъ упщIэ». Актёр, уэрэджыIакIуэ Теунэ Д. (12+)
**17.00** «Дыщалъхуа унэ». «Пшэхэм адэкIэ» (12+)
**17.15** «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (12+)
**17.40** «Дыкъевгъаджэ!» (16+)
**18.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**18.20** «ОТРажение». Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ

**Махуэку, жэпуэгъуэм и 30**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**6.20** «Си ужь нэхъ лъапIэ дыдэу къинэр…». ЕтIуанэ нэтын (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Юрист, тхакIуэ, журналист». Сэрахъэ Александр (12+)
**7.45** Жэпуэгъуэм и 30-р Политикэ залымыгъэм ихьахэм я фэеплъ махуэщ. «Гуауэшхуэ, гукъэкIыж, хущIегъуэжын» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Кулиев Къайсын. Си лъэужь» (12+)
**8.45** «Усэхэр зэрыт дэфтэр» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «КъэкIуэнум и дуней» (12+)
**17.40** «Си гъащIэ гъуэгур». Горкуновэ Н. (12+)
**17.55** «Тхыдэм къыхэщхэр». Адыгэ узэщIакIуэ, лингвист, егъэджакIуэ ЩэрэлIокъуэ Талъостэн (12+)
**18.30** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, жэпуэгъуэм и 31**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**6.25** «Тхыдэм къыхэщхэр». Адыгэ узэщIакIуэ, лингвист, егъэджакIуэ ЩэрэлIокъуэ Талъостэн (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Си гъащIэ гъуэгур». Горкуновэ Н. (12+)
**7.25** «Классикэр псоми папщIэ» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Щытхъу зиIэ дохутыр» (12+)
**8.50** «Пхъуантэ телъыджэ цIыкIу». Сабийхэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Сабийхэм я гум фыдыхьащ». ПэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэ Хьэжнэгъуей ФатIимэт (12+)
**17.30** «Фэеплъ». КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын (12+)
**18.15** «Дигу къызэринар». КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Къагъырмэс Борис къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум и щIыхькIэ пшыхь. Япэ Iыхьэ (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 1**

**6.00** «Зэпсэлъэныгъэ» (12+)
**6.30** «Дигу къызэринар». КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Къагъырмэс Борис къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум и щIыхькIэ пшыхь. Япэ Iыхьэ (12+)
**7.00** «Фэеплъ». КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын (12+)
**7.45** «КъэкIуэнур - нобэм». Альпинисткэ Пекъу Алинэ (12+)
**8.25** «Уи зэман» (12+)
**17.00** «Гъуэгуанэ тхыгъэхэр». Шэтхъурей (12+)
**17.05** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**17.20** «Си унэ къыщIыхьэ». КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын (12+)
**18.05** «ГъащIэ къущIитар IуэхуфI блэжьын папщIэщ» (12+)
**18.30** «Дигу къызэринар». КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Къагъырмэс Борис къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум и щIыхькIэ пшыхь. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 2**

**6.00** «ГъащIэ къущIитар IуэхуфI блэжьын папщIэщ» (12+)
**6.25** «Дигу къызэринар». КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Къагъырмэс Борис къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум и щIыхькIэ пшыхь. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**7.00** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**7.15** «Си унэ къыщIыхьэ». КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын (12+)
**8.00** «Зэманым теухуа таурыхъ». Ханаху А. и цIэр зезыхьэ камернэ макъамэ театрым сабийхэм папщIэ игъэува мюзикл (6+)
**8.40** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Дыщэ Вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Тамбий Владимир (12+)
**17.00** «Литературэ къеджэныгъэхэр». КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ ЖьакIэмыхъу КIунэ (12+)
**17.25** «ХьэщIэщ». Прохладнэ щIыналъэм хыхьэ Приближнэ станицэр (12+)
**18.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (16+)

## 1 КъБР ★ «Мир» канал

**Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 27**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** Кавказ Ищхъэрэм гуманитар къэхутэныгъэхэмкэ и институтыр илъэс 35-рэ ирокъу. Япэ нэтын (12+)
**6.45** «Джэдум и унэ». Сабийхэм папщIэ спектакль (6+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «ЛIыгъэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.40** Зеикъуэ къуажэ дэт 1-нэ курыт еджапIэм хэт сабий центрыр (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Жыр салам». Макъамэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.50** «Танзиля» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Страна улыбок». Сабийхэм папщIэ нэтын (6+)
**17.35** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**17.50** «ЦIыху гъащIэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.10** «ЩIэныгъэр гъуазэщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.45** «ГъащIэ». Лэжьыгъэм и ветеран Мирзоевэ Маржан. ЛашкIутIэ къуажэ (балъкъэрыбзэкIэ)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** Кавказ Ищхъэрэм гуманитар къэхутэныгъэхэмкэ и институтыр илъэс 35-рэ ирокъу. ЕтIуанэ нэтын (12+)
**20.20** «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.00** «Узыншагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, жэпуэгъуэм и 28**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Вагъуэ цIыкIу» ансамблыр (12+)
**6.45** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.35** ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 125-рэ щрикъум ирихьэлIэу. «ФIым телэжьэн» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Анэдэлъхубзэ». Телевикторинэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.40** «Спорт утыку цIыкIу» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Уахъътыншэ». ЩоджэнцIыкIу Алий и фэеплъу (12+)
**17.40** Гастрофестиваль-2025 (12+)
**18.00** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Дыщэ Вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Байсултанов Алим
**18.10** «Мадинэ». ЩоджэнцIыкIу Алий и поэмэм къытращIыкIа телепостановкэ (адыгэбзэкIэ)
**18.55** «ЕгъэджакIуэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Си ЩоджэнцIыкIу Алий» (12+)
**20.00** «Дэ къытхуэнар». ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 125-рэ щрикъум ирихьэлIэу (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.30** «Бгыщхьэ макъамэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.10** «Дэфтэрхэмрэ щыхьэтхэмрэ». КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 ирокъу (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 29**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.30** «Дэфтэрхэмрэ щыхьэтхэмрэ». КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 ирокъу (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Дэ къытхуэнар». ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 125-рэ щрикъум ирихьэлIэу (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.40** Гастрофестиваль-2025 (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «ЩIалэгъуалэр мэгушыIэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.25** «ЕгъэджакIуэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** ГъащIэ кIыхь Габоев Аслъэн (12+)
**17.30** «Зэныбжьэгъугъэм и концерт». ПэщIэдзэр (12+)
**18.30** «ЩIэныгъэм щыпхиша гъуэгу». Филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Керимовэ Раузат (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.05** «Уэрэдыр зи Iэпэгъу». КъБР-м и цIыхубэ артист Зеущэ Iэуес (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Классикэр псоми папщIэ» (12+)
**20.25** «Зи къалэмыр шэщIа». КIэрашэ Тембот (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.10** «Iуэху еплъыкIэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.30** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, жэпуэгъуэм и 30**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Чемпионхэр». Урысейм боксымкIэ щIыхь зиIэ и тренер Къуэдзокъуэ Анатолэ (12+)
**6.35** «Страна улыбок». Сабийхэм папщIэ нэтын (6+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Нанэ и псэ». Адэ-анэхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.35** «Уэрэдыр зи Iэпэгъу». КъБР-м и цIыхубэ артист Зеущэ Iэуес (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Жыр салам». Макъамэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.50** «Таурыхъищэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** Налшык къалэ дэт 58-нэ сабий садыр илъэс 50 ирокъу (12+)
**17.50** «Зэныбжьэгъугъэм и концерт». КIэухыр (12+)
**18.40** «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.10** «Дызыхуэныкъуэ IэщIагъэхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (12+)
**20.00** «КъэфакIуэхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.40** «ФIы щIэи - псым хэдзэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.00** «Гъуэгу тетщ…» . Байтуганов Исмэхьил (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, жэпуэгъуэм и 31**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Спортым къыхэжаныкIахэр». КъБР-м айкидомкIэ и федерацэм и тхьэмадэ Ерчэн Алим (12+)
**6.50** «Гъуэгуанэ тхыгъэхэр» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Тхылъымрэ сэрэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.30** «Уи пщIэр уи IуэхущIафэрщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «И псалъэкIи, и IуэхущIафэкIи щэджащэщ». КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын
**08.55** «Тхыдэм щыщ напэкIуэцIхэр». Новороссийск къалэ (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Лэгъупыкъу». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.35** «Билляча». Сабийхэм папщIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**18.00** КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын и фэеплъу (12+)
**18.45** «ЩIалэгъуалэр экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщIэтщ». Форум. ЕтIуанэ нэтын (16+)
**19.15** «Адыгэбзэм и псалъэгъэнахуэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Кулиев Къайсын. Си лъэужь» (12+)
**20.25** «Адыгэ фащэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.00** Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэм елэжьхэмрэ я махуэм и щIыхькIэ махуэшхуэ зэхыхьэ. Япэ нэтын (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 1**

**6.00** «ЩIалэгъуалэр экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщIэтщ». Форум. ЕтIуанэ нэтын (16+)
**6.30** «Си унэ къыщIыхьэ». КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын (12+)
**7.15** «Лэгъупыкъу». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**7.40** «Адыгэ фащэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.15** «Билляча». Сабийхэм папщIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.40** «Нажэ, си шыд цIыкIу!» Кулиев Къайсын и повестым щыщ пычыгъуэ (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**17.00** «Удэзыхьэх Iуэхухэм я клуб» (6+)
**17.40** «Лъабжьэхэмрэ дамэхэмрэ». КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын. Телефильм (12+)
**18.15** «Лъагъуныгъэм и макъамэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.50** «Ди пщэфIапIэм» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.25** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**19.40** «Зэчиймрэ IэпщIэлъапщIагъэмрэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.20** Кулиевым и фэеплъу. «Бгы зэхуакум дэтщ сыщалъхуа си унэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.50** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**21.05** «Уэзреплъщ». КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Жылэ Анатолэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.20** Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэм елэжьхэмрэ я махуэм и щIыхькIэ махуэшхуэ зэхыхьэ. ЕтIуанэ нэтын (12+)

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 2**

**6.00** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
**6.40** «Уэзреплъщ». КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Жылэ Анатолэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.55** «Лъагъуныгъэм и макъамэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.30** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** «Зэчиймрэ IэпщIэлъапщIагъэмрэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.25** «Уэзджынэ цIыкIу». Сабийхэм папщIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.45** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.00** «Щытхъу зиIэ дохутыр» (12+)
**17.30** Молэ Владимир. «Къамботрэ Лацэрэ». ЩоджэнцIыкIу Алий и поэмэм къытращIыкIа оперэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.55** «Бгыщхьэ макъамэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.35** «ХьэщIэщ». Тэрч щIыналъэм хыхьэ Акъбащ Ипщэ къуажэр (12+)
**20.45** «Чэнджащэ щыуэркъым» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.10** «Щыгъуэ тхылъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр»

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и радио

**Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 27**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.35** Къамбий Джэфар. «ДжэгуакIуэ» повестым щыщ пычыгъуэ (адыгэбзэкIэ)
**8.35 - 9.00** «УсакIуэхэм я зэкъуэшыныгъэ». Мечиев Кязимрэ Хетагуров Костарэ (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Ди хъугъуэфIыгъуэхэр» циклым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.50** «Вагъуэбэ» (урысыбзэкIэ)
**13.50 - 14.00** «ЛIэщIыгъуэхэм я зэпыщIэныгъэ» (урысыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** Кулиев Къайсын и тхьэмахуэ. «ЩIымахуэм и чэзут» романым щыщ пычыгъуэ (урысыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.35** «Псоми тедгъэкIуэдэнур дакъикъитхущ» (урысыбзэкIэ)
**18.35 - 19.00** «Си гъащIэ». Кулиев Къайсын (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, жэпуэгъуэм и 28**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** ЩоджэнцIыкIу Алий. «ЩIымахуэ жэщ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.35 - 8.40** Фэеплъхэм я тхыдэм щыщщ. ЩоджэнцIыкIу Алий (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** Адыгэ усыгъэм и фIыпIэхэр. ЩоджэнцIыкIу Алий и фэеплъу (урысыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «МахуэщIэм сыщогугъфIыкI». ЩоджэнцIыкIу Алий (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Зи чэзу Iуэхухэм ятеухуауэ» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «Таурыхъхэм я дунейм - зыплъыхьакIуэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** «ЕхъулIэныгъэм и хэкIыпIэхэр» циклым щыщщ. ЕгъэджакIуэ Балъкъэр Тамарэ (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 19.00** ЩоджэнцIыкIу Алий. «Кхъужьей щIагъым» радиопостановкэр (адыгэбзэкIэ)

**Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 29**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.40** «ЦIыху щэджащэхэр» циклым щыщщ. КъардэнгъущI Зырамыку (адыгэбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Гупсэхугъуэ». Жубоев Жамболэт (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Нэхъ пасэу радиом къитахэм щыщщ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым. «Кърухэм къагъэзэжынущ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ГъащIэм зызымыхъуэж и хабзэхэр: къежьапIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Адыгэ псалъэм хэлъ Iущыгъэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «ЗэхъуэкIыныгъэ ин» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.50** Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу. «Зауэ гъуэгуанэхэмкIэ» (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «ЩIым къытрина лъэужьыр» (урысыбзэкIэ)

**Махуэку, жэпуэгъуэм и 30**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.35** «Дунейм хуэдэу абрагъуэщ усакIуэм и псэр». Кулиев Къайсын (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.35 - 8.40** «Дыщалъхуа щIыналъэм и дахагъэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 ирикъуащ. «Дунай зауэр». ЛIэщIыгъуэ ныкъуэ дэкIыжауэ (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Лъагъуныгъэм теухуа уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Узыншагъэм и хъумакIуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «XX лIэщIыгъуэм и антологиер» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «ГъащIэм сопсалъэ». Кулиев Къайсын (урысыбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Динымрэ хабзэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «ЕджапIэм и пщIантIэм» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 18.50** «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщщ» радиопроектыр. Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «Псэм и макъамэ». Кулиев Къайсын. Даур Аслъэн (урысыбзэкIэ)

**Мэрем, жэпуэгъуэм и 31**

**7.10 - 7.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**7.25 - 7.45** «ПщэдджыжьыфIыр цIыхуфIхэм драгъусэу» (адыгэбзэкIэ)
**7.45 - 8.00** «70 - 80 гъэхэм радиом къитахэм щыщщ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Уэращ сыкъэзылъхуар, си лъэпкъ». Кулиев Къайсын (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 9.00** «Макъамэмрэ гъащIэмрэ». Молэ Владимир (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «НэхъыфI дыдэу слъагъу си уэрэд» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.35** «Къэбэрдей-Балъкъэрыр нобэ» (урысыбзэкIэ)
**13.35 - 13.45** «Ар тщIэн хуейщ» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «Кулиевым и IэдакъэщIэкIхэм дыкъоджэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Адыгэхэр: тхыдэмрэ хабзэмрэ» циклым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Ууаз» (диным теухуауэ) (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэм и дакъикъэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «Спорт щхьэл» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 19.00** «Бжэ телъыджэ» (урысыбзэкIэ)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 1**

**10.10 - 11.00** «Кавказым и пшэплъхэр». Радиожурнал (урысыбзэкIэ)
**11.10 - 11.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
**11.25 - 11.40** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.40 - 12.00** «ГъащIэм гуапэу фыхэплъэ» (адыгэбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 2**

**10.10 - 10.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.25 - 11.10** Нало Заур. «IэфIынэ и нэфIыцIитIыр» новеллэм щыщ пычыгъуэ (адыгэбзэкIэ)
**11.10 - 11.30** «ЛIэщIыгъуэм и цIыху цIэрыIуэхэр». Кулиев Къайсын (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 12.00** «Ар лъэпкъым щIыгъуу псэуащ» (балъкъэрыбзэкIэ)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 27**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Иужьрей махуэ». ЩоджэнцIыкIу Алий теухуа телевизионнэ фильм (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Зэманым и лъэужь». ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 125-рэ щрикъум ирихьэлIэу (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, жэпуэгъуэм и 28**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Къайсын и макъамэ». Кулиев Къайсын къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу. Япэ Iыхьэ (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «ЛIакъуэ». Хьэжырокъуэхэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 29**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Ди щIэинхэр». Црым Руслан и «Нартхэр». Ещанэ Iыхьэ (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** Сабий ныкъуэдыкъуэхэм яхуэгъэза псапащIэ Iуэху (6+)
**17.10** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». Кумыщхэ я унагъуэр (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, жэпуэгъуэм и 30**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Къайсын и макъамэ». Кулиев Къайсын къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «УпщIэ нагъыщэ» (12+)
**17.30** «ЦIыхухэмрэ къэхъукъащIэхэмрэ». Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ библиотекэр (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, жэпуэгъуэм и 31**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Ди щIэинхэр» (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Шынагъуэншэ гъуэгу» (12+)
**17.10** «Тщымыгъупщэн папщIэ». Къардэн зэкъуэш лIыхъужьхэр (12+)
**17.35** «Бгырыс уэрэдым и дамитI». КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 1**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Щэбэт (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 2**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Тхьэмахуэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)

## «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 27**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Гъубж, жэпуэгъуэм и 28**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 29**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Махуэку, жэпуэгъуэм и 30**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Мэрем, жэпуэгъуэм и 31**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 1**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 2**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)

# Сабий литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа

## Щомахуэ Амырхъан къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу

Фэеплъ

*Усакlуэ, тхакlуэ, адыгэ сабий литературэр зэхэзыублахэм ящыщ Щомахуэ Амырхъан Къамызэ и къуэр 1910 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м Ахъло (иджыпсту Курп Ищхъэрэ) къуажэм къыщалъхуащ. 1920 гъэм, и ныбжьыр илъэсипщIым иту, къуажэм къыщызэIуаха пэщIэдзэ еджапIэм щIэтIысхьащ. Абы илъэсиплIкIэ щеджа нэужь, ар ираджащ Ленином и цIэр зезыхьэ еджапIэ цIыкIум (ЛУГ). А IуэхущIапIэ цIэрыIуэм илъэс зыбжанэкIэ щеджащ, педагогикэ техникумри абы къыщиухащ Амырхъан. ЩIэныгъэм зыIэпиша щIалэр 1929 гъэм щIотIысхьэ Орджоникидзе (иджы Владикавказ) къалэм дэт, Кавказ Ищхъэрэ педагогикэ институтым. Ар къиухри, Налшык дэт педтехникумым къигъэзэжащ, абы и егъэджакIуэу, итIанэ и унафэщIу лэжьащ. «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым и редактору, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу, ТхакIуэхэм я союзым и секретару щытащ. Щомахуэр лэжьащ партым и Бахъсэн райкомым и япэ секретару, тхылъ тедзапIэм и унафэщIу, республикэм щIэныгъэ Iуэхухэмкlэ и министру, «ЩIэныгъэ» зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретару, «Къэбэрдей пэж» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу.*

*Амырхъан и япэ усэхэр 1928 гъэм газетым къытехуащ. 1932 гъэм дунейм къытехьа «Япэ лъэбакъуэхэр» тхылъым ихуащ абы и усэ зыбжанэ. Абдежым щегъэжьауэ и творчествэр ныбжьыщIэхэм нэхъ яхуэгъэзауэ екIуэкIащ. Сабийхэм папщIэ литературэ зэпэщ диIэным и зэфIэкIышхуэ ирихьэлIащ. Амырхъан и тхылъхэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи Налшыки, Мэзкууи, Мейкъуапи къыщыдэкIащ. Сабийхэм фIы дыдэу ялъэгъуа усэхэм нэмыщI, абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ балигъ усэхэр, романхэр («Тэрч Iуфэ къыщищI пшэплъ», «Бгырыс шухэр»), повестхэр («Колхозыр мафIэ лыгъэм щыхэтам», «Бгъэжьым и къуэ»), пьесэ («ЩIалэгъуэ»), Iуэтэжхэр, очеркхэр, нэгъуэщIхэри.*

*Щомахуэ Амырхъан КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытащ, орденхэр, медалхэр къыхуагъэфэщащ. Лъэпкъ литературэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьынымкIэ иIэ ехъулIэныгъэхэр къалъытэри, Амырхъан къыфIащащ «КъБАССР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» (1979), «КъБАССР-м и цIыхубэ усакIуэ» цIэ лъапIэхэр.*

*Литературэм и лъэужь дахэ къыхинауэ, сабийхэми балигъхэми гунэс ящыхъуа тхыгъэ купщIафIэхэр къызэринэкIауэ, ар 1988 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м дунейм ехыжащ. И фэеплъыр иридгъэлъапIэу, щIэджыкIакIуэхэми Амырхъан и гуащIэр ягу къридгъэкIыжу, ди газетым тыдодзэ абы и Iэдакъэщlэкl сабий усэхэм ящыщ зыбжанэ.*

ИСТЭПАН Залинэ.



## ЩОМАХУЭ Амырхъан

### Усэхэр

### Мамэ и нэху

Мами папи я къуэ кIасэу
Дэсщ ди къуажэ гъэфIэн щIалэ, -
Дыгъэ нури трамыгъапсэу
Мамэ и нэхуу ди Хьэбалэ...

Шхын имыIэу ар къэушым, -
И Iэр мамэ трешащIэ.
Жэмыр жыыуэ къыхуамышым,
ЕщIыр щхьэнтэр зэу нэпс защIэ.

КIэху къыщищIым пIащIэу анэр
ЩIалэм и пIэм бгъэдохутэ, -
ЭплIэм иту ухуа Iэнэр
«Нэху» и пащхьэм къыщохутэ:

- Умыгъ, тIасэ, си нэху закъуэ,
Сыт уэ пшхымэ нэхъ уфIэфI?
Къыпхуэсхьахэм тIэкIу едзакъэ,
Уэзгъэшхынкъэ сэ шэ IэфI!

Игу ирихькъым хуахьа шхыныр,
ХъущIэу фалъэр къыхыфIехуэ,
Шэр унэкум щрекIутыр,
ЕщIыр унэр зэхэзехуэ.

- Сэ дыгъуасэ шэ сефакъэ,
Сыт аргуэру къыщIэпхьар?
Безым щIэлъу фо бжесIакъэ?!
Арщ сэ си гум нэхъ къихьар!

Анэр пIащIэу шхапIэм мажэ,
Фо хьэкIуэшхуэ «Нэху» къыхуехь.
Мэхьур щIалэр нэжэгужэ,
Фо къахьари игу ирохь.

Мамэ щIалэр, мес, ехуапэр,
Ирегъэур и Iэгъуапэр…
Сэбэп хъуркъым щай и уасэ,
Школым мыкIуэу хегъэкIасэ.

- Тэдж, си дыгъэу сэ си нэху,
Ди шкIэ цIыкIур пщIантIэм дэху,
Дыгъэр лъагэу, мес, къыщIокI,
Умыщхьэхыу пIэм къыхэкI.

- Сэ дыгъуасэ жэм дэсхуати,
Мисыр, банэ къысхэуащ.
ЩIэзмыгъэфу шкIэр Iусхуати,
Ар си джабэм къепыджащ.

Сысымаджэщ сэ, уолъагъур,
Школым дауэ сэ сыкIуэн?
Лъакъуэ узым вакъэ гъурыр,
Еплъыт, дауэ лъыстIэгъэн?

- Сыт уэ жыпIэр, сыбгъэунэхъути,
А сымыгъуэ, си нэху закъуэ!
СымыщIэххэу шкIэм уикIти,
Ем пиухи абы и бжьэр!

Арщи, щIалэр «щIакъуэ» мэхъур,
«Лажьэ» жаIэм – и нэпс къокIуэ.
Ар сымаджэу анэм щохъур,
Дохутыр лъыхъуэ занщIэу макIуэ…

Куэд дэмыкIыу «Нэху» и анэр
Дохутыр щIыгъуу къэсыжащ.
Ар щилъагъум щIалэм и нэр
Жьындуунэу джэрэзащ.

Ноплъыр, къоплъыр дохутыр Iэзэр,
Лажьэ иIэу имыгъуэт.
Ар йоупщIыр: «Сыт къоузыр?»
Жэуап лъэпкъи къримыт.

Анэр йоплъыр, ещI гукъанэ,
И къуэм папщIэ хьэзаб телъщ: -
«СынолъэIур, - жеIэ анэм, -
Къыхэч, лъакъуэм банэ хэлъщ».

Банэ хэлъу щимыгъуэтым,
Дохутыр Iэзэр дыхьэшхащ.
ИгъэщIагъуэу щыдэкIыжым: -
«Уз щэху иIэщ», - къыжиIащ…

КъекIухь щIалэм жэщыбг пщIондэ,
ЕмыдаIуэу адэ-анэм.
ТемыпыIэу урок «ещIыр»,
«Еджэ» жаIэм – къеиж фIощIыр.

КъыкIэрохур, хуэхъуащ хабзи,
Школым щIыхьэм «къэсащ» жаIэ,
Лэкъум хуабэ сумкэм дэщи,
Партэм тIысым занщIэу йоIэ.

Къыщапщытэм и щIэныгъэр
Ерагъмыгъуэу «тIу», «щы» къехь,
Щхьэм къимыхьэу тхылъ щIэныгъэр
ПщIэншэу махуэр школым щехь.

ЖыIэмыщIэу и уз щэхум,
Фэ зэвгъащIэ, «двойкэ» къехь.
Уэри, мамэ, хэплъэ Iуэхум,
ЗумыщI, маржэ, емыкIухь!

### Хьэндырабгъуэ

- Сыту дахэ хьэндырабгъуэр.
Слъагъухункlэ согъэщIагъуэр, -
ЖеIэ гуфIэу Таужан,
Хъуауэ и гур абдей жан.

ЗагъэпскI цIыкIухэм, гуэлым хэсу,
АдкIэ-мыдкIэ псы яутх.
НэгъуэщI гупи, Iуфэм Iусу,
Бдзэжьей йощэ, яIыгъщ къунтх.

ЗызыгъэпскIхэм къахыхьауэ
Хьэндырабгъуэм къелъэтыхь.
«Псыф мэхъу», жиIэу игу къихьауэ
Таужаныр хэтщ бэлыхь.

НылъоIэсыр псы яутхыр,
Хьэндырабгъуэр къолъэхъшэх.
Псым къыхохуэ ар арыхххэу,
Таужан мапхъуэри къыхех.

Ар «йоIэзэ» хьэндырабгъуэм,
Дыгъэ къепсым ирегъэу.
«Лъэтэжыфым арат губгъуэм» -
ЖиIэу йопщэ, жьы щIегъэу.

ЯмыщIэххэу хъуащ псыIэгъэ,
КъыфIощI хъуауэ ар уIэгъэ.
И дамитIыр къолэлэх,
Хъужкъым ахэр зэкIэщIих.

Таужаным, абдей уеплъым,
Уолъагъу и гур зэрыхэщI.
Йопщэ Iэгум, ар зэрылъым,
Мыпсэужу зэм къыфIощI.

Ауэ дыгъэр къыщытепсэм,
ПсынщIэ дыдэу мэгъущыж.
Хъыджэбз цIыкIур зыхуэупсэм,
ПщIэуэ, и псэр къыхохьэж.

И хущхъуэгъуэр арт къищIауэ, -
Хьэндырабгъуэр мэлъэтэж.
КIэлъоплъ, Iэгур иущIауэ,
ГуфIэжауи псым хопкIэж.

- Ирепсэу, - жи, - сыт псэущхьи,
Ягъэдахэу ди дунейр.
Лъатэу щыти, къэзыкIухьи,
Псори, псори, псэун хуейр!

### Хэту пIэрэ зи букварыр?

Хэту пIэрэ зи букварыр
Нэщхъей дыдэу цIыкIухэм къеплъыр?
Сыту пIэрэ хуэмыгъэвыр,
ЖимыIэфуи и гум илъыр?

И жинт тIэкIури, еплъ, чэтхъащи,
Тхылъым ещхьу фэ тетыжкъым.
Напэ къэси зэIытхъащи,
ЗэкIэлъыкIуэу уеджэ хъужкъым.

ЩIэплъ, ирикIуэ уэ а тхылъым –
Бжыгъэ защIэщ напэ къэскIэ.
Бадзэ щощтэ фIейуэ телъым, -
Аращ жаIэр, ар щалъагъукIэ.

Напэ куэди шакъэ защIэщ,
Хьэрф итауэ къыпхуэщIэжкъым.
Ар зейр иджы, улIым, къащIэ,
Дуней тхылъым илъагъужкъым.

И лъэгущIэтми едэр тхылъыр,
Ехуэхами, къищтэжынкъым.
И жагъуэгъуущ ар зэреплъыр,
МафIэм исми, игу щIэгъункъым.

Щылъщ букварыр сабэ хъумэу,
Зэзэмызи ар мэкIийр.
Хэту пIэрэ зымыхъумэу,
ЛъаIуэу и Iэр зыхуишийр?

«Хъунут иджы зейр къыджепIэм,
ЗыщIар тхылъыр шхыдэрей!»
Ари, цIыкIухэ, щэхуу вжесIэм:
Ди Бот щIалэщ – аращ зейр.



# Зи Iэпэм дыщэ къыпыщ







***Джэдгъэф Маринэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым инджылызыбзэмкIэ и къудамэр 2003 гъэм къиухащ. КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и министерствэм илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ. Мы зэманым Франджым унагъуэу щопсэу. Маринэ инджылызыбзэмкIэ зригъэгъуэта щIэныгъэр лэжьыгъэ куэдым къыщыхуэсэбэпащ, къэхъуащ тхылъ урысыбзэм, адыгэбзэм кърихыу инджылызыбзэм щыхуигъэкIуа. Абыхэм къищынэмыщIауэ, ар Iэпэ Iэсэщ. Езым къызэригъэпэща брендым щIэту адыгэ тхыпхъэхэмкIэ хэдыкIа чысэхэмрэ фэилъхьэгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ ещI, ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэ цIыхубзхэм дэн-хэдыкIын Iэмал къагъэсэбэпу щытахэм тету. Бзылъхугъэ IэпэIэсэм депсэлъащ и IэрыкIхэм, зыхуеджам, адыгэбзэм и мыхьэнэм, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ.***

**- Маринэ, сабий хъуэпсапIэ уиIа?**

- Бзэр фIыуэ къызэхъулIэрти, сыхуеджащ. Ауэ, сызэрыцIыкIурэ сыдихьэхырт дэн-бзэным, сурэт щIыным, IэпэIэсэным. Тыгъэу къызатхэм сытым дежи къахэзгъэщхьэхукIырт IэрыщIу ящIахэр, абыхэм псэ хуабагъэ яхэслъагъуэрт. Си нэгум къыщIоувэж си сабиигъуэ гукъэкIыжхэр: си анэм, егъэджакIуэ лэжьыгъэм къыдигъахуэурэ, пщыхьэщхьэкIэ ди гуащэхэм щыгъын цIыкIухэр яхуиду, IэкIэ хидыкIыу щысу. Сэри абы сыкIэлъыплъырт, сурэту сщIы фэилъхьэгъуэхэр цIыхухэм зэрахьэу, къагъэсэбэпу си нэгум къыщIэзгъэхьэрт.

**- Узыхуеджар, щIэныгъэ щызэбгъэгъуэтар...**

- СыкъыдэкIуэтейщ, курыт еджапIэр ехъулIэныгъэ сиIэу къэзухри, еджапIэ нэхъыщхьэм и къудамэ зыбжанэм сыщIэхуати, сахэдэжри, инджылызыбзэр къахэсхащ.

Хамэ къэралыбзэхэм сыдихьэхырт, щIэхыуи схузэгъащIэрт. НэгъуэщI лъэпкъхэм я гъуазджэ щIэинхэр сфIэгъэщIэгъуэнт, зэзгъащIэрт, икIи зэзгъапщэрт тхылъ зэмылIэужьыгъуэхэр щIэзджыкIырт абы теухуауэ.

Сызыхуеджа IэщIагъэм япэ дыдэу кърикIуа Iуэхугъуэ ину къызолъытэ Къубатий Борис адыгэ шхыныгъуэхэм ятеухуауэ тхылъ щигъэхьэзырым урысыбзэкIэ къыщыхьа Iыхьэр инджылызыбзэкIэ зэдзэкIыным сызэрелэжьар.

**- Маринэ, зэрысщIэмкIэ, иджыпсту Франджым ущопсэу. Хамэ къэрал дауэ укъызэрыщыхутар?**

- Илъэс зыбжанэ и пэкIэ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъу адыгэ щIэныгъэлI, инженер, хьэрычэтыщIэ щIалэгъуалэ гуп Хэкур зрагъэлъагъуну къэкIуат. Щхьэгъусэ схуэхъуамрэ сэрэ абы щыгъуэ дызэрыцIыхуащ. Ар Иорданием щыпсэу адыгэхэм къабгъэдэкIыу Iуэхугъуэм хэтахэм ящыщт.

Унагъуэ сихьа нэужь, Иорданием нэмыщI, къэрал зыбжанэм сыщыIащ. Абыхэм ящыщу нэхъ гукъинэж сщыхъуащ Индонезиер, Австралиер, Испаниер, Андалусиер. Иджыпсту дыщопсэу Франджым. ЩIалэ цIыкIуитI диIэщ, еджапIэм макIуэ.

**- Адыгэ чысэ телъыджэхэр, хьэпшыпхэр бощI. Ахэр куэдым я гум дыхьащ. Уи IэрыкIхэм къытхутепсэлъыхьыт. Сытым утригъэгушхуа IэпэIэсэным?**

- Еджэным, щIэныгъэ Iуэхухэм сыхэтурэ, сызэрыцIыкIу лъандэрэ си гум щысхъума хъуэпсапIэ гуэрхэр лъэныкъуэ егъэза хъуат. Унагъуэ сихьа нэужьщ си гум щызгъэпщкIужа а хъуэпсапIэхэр нэIурыт щысхуэхъужар.

Ипэхэм, Хэкур си гум къыщыкIым деж, IэпIэсагъэр си тегъэупIэт. Ауэ хуэмурэ, сыкъэзыухъуреихь цIыхухэм си лэжьыгъэхэм гу щылъатэм, «апхуэдизу уи гум фIэфIым икIи къохъулIэм нэхъыбэ щыбгъэгъуэзэн хуейщ», - къызжаIэри сытрагъэгушхуащ, апхуэдэуи IэпэIэсэным сызыIэпишащ. Мы зэманым си IэрыкIхэр дуней псом къыщацIыху. УэрэджыIакIуэхэм, сурэтыщIхэм, къулыкъущIэхэм, хьэрычэтыщIэхэм, нэгъуэщI IэщIагъэ зиIэ цIыхухэм яфIэфIу зэрахьэ. Сэ сщIа адыгэ хьэпшыпхэр зыIыгъхэм, фэилъхьэгъуэхэр зыщыгъхэм ущрихьэлIэфынущ Австралием, Бельгием, Нидерландхэм, Франджым, Германием, Голландием, Австрием, Испанием, Швецием, Швейцарием, Шотландием, Инджылызым, Алыджым, Японием, Кореем, Урысейм, Тыркум, Иорданием, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм, Катарым, США-м, Канадэм, Тунисым, нэгъуэщI къэралхэми. Иорданием и пащтыхь унагъуэм IэрыщIу дыщэидэкIэ, уагъэ-щагъэкIэ гъэщIэрэщIа адыгэ хьэпшыпхэри тыгъэ хуэсщIауэ щытащ.

Иджыпсту дыщыпсэу Франджы къэралыгъуэм, псалъэм папщIэ, куэдым зыкъыщысхуагъазэ си IэдакъэщIэкIхэр зыIэрагъэхьэну хуейуэ: хэт езым щхьэкIэ, хэт тыгъэ ищIыну, хэти зригъэщIэгъуэну. Уеблэмэ, хьэпшыпщапIэ инхэм си IэрыкIхэм ящыщхэр щIалъхьэну, ягъэлъэгъуэну, щащэну къащтэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, хьэпшып щIэщыгъуэхэмкIэ я IуэхущIапIэм цIыху кърашалIэ.

Чысэ цIыкIухэр сщIыуэ щIэздзащ 2016 гъэм, си IэкIэ - зэрыдэ машинэ хэмыIэбэу. Дыщэидэри, IуданэтедыкIри, щыгъэтедыкIри сощI. Чысэхэм я хъыбархэр зэIэпахыурэ, куэдым къацIыхуащ. Чысэ цIыкIур Iэрыхьэным илъэс псокIэ пэплъэ къахокI си щэхуакIуэхэм. Сэ сщIа хьэпшыпхэм зэщхьу тIу яхэбгъуэтэнукъым. Ар сызытемыкI хабзэщ.

Зы чысэ сщIыным зэман куэд токIуадэ - нэхъ мащIэ дыдэу махуитху хуэдиз. Сыту жыпIэмэ зэрыщыту IэкIэ сощI. Ар щэхуакIуэм лъэбгъэIэсынми зы тхьэмахуэ ехьыж. Ауэ щыхъукIэ, си хьэпшыпхэр зигу ирихьэм къахокI тыгъэ ищIын папщIэ хуэпIащIэу ар зыIэрызыгъэхьэну хуейуэ къэлъаIуи. Абыи зы Iэмал къыхуэдгупсысащ. Иорданием и къалащхьэ Амманрэ Налшыкрэ си IэдакъэщIэкIхэр зыдэт абджыпс плIанэпэхэр щызгъэуващ. США-м, Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм папщIи апхуэдэ Iуэхугъуэ къызэдгъэпэщыну иужь дитщ. Москва щыIэ ди щIалэгъуалэм папщIи адыгэ IэрыкIхэр щыдгъэлъэгъуэн къэдгъуэтыну дыхуейщ. Си хьэпшыпхэм я щапIэхэр здэщыIэ къэралхэм щызиIэщ абыкIэ дэIэпыкъуэгъу къысхуэхъу ныбжьэгъухэр. Ар куэд и уасэщ.

**- Уи чысэхэр зыIэрыхьэхэм дауэ къащыхъурэ?**

- ИлъэсипщIым нэблэгъауэ адыгэ чысэхэр сощI. А зэманым къриубыдэу сэ цIыхуу сызрихьэлIар, абыхэм я хъыбару сызэдэIуар куэд дыдэ мэхъу. Дуней псом щикъухьа адыгэхэм уащыIущIэкIэ, ахэр я гурылъхэмкIэ къыщыбдэгуашэкIэ, уэри абыхэм я пIэм уоувэ, я хъуэпсапIэхэр яхубогъэдахэ, я гукъеуэхэри зыхыбощIэ. Хамэ щIыпIэхэм щыпсэухэм зэрыжаIэмкIэ, адыгэ чысэхэр абыхэм тыншу къагъэсэбэп хьэпшып къудейкъым. ЗыкъомкIэ нэхъыбэщ абы ират мыхьэнэр. Адыгэхэм нэмыщI, нэгъуэщI лъэпкъхэми яфIэфIу зыIэрагъэхьэ си IэрыкIхэр. ИкIи лъэпкъ гупсысэ зыхэлъ хьэпшып щаIэрыхьэкIэ, ахэр къыщIоупщIэ ди лъэпкъ щэнхабзэм, ди тхыдэм.

Чысэхэр къэрал куэдым нэсащ. Зы щэхуакIуэм зыбжанэрэ къыщытригъэзэжи къохъу. Яхэтщ коллекцэу зэхуэзыхьэси. «Интернетым къыщытлъагъуу дызэхъуэпса чысэр къедгъэхьа нэужь, къызэрытхущIэкIыр нэм зыщимыгъэнщIу нэхъ дахэжщ сурэтым итым нэхърэ», - жаIэурэ къысхуатх си гур хэзыгъахъуэ, лъэр щIэзыгъэкI псалъэ гуапэхэр.

Гукъинэж сщыхъуахэм ящыщ зы хъыбари пхуэсIуэтэжынщ. Нидерландхэм щыпсэу адыгэ бзылъхугъэ къызэпсэлъащ чысэ хуезгъэхьыну хуейуэ. Чысэр сщIыри сутIыпщауэ, бзылъхугъэм къызжиIащ: «Мы гъуэгу тет чысэр сэр папщIэ къызэрыгуэкIкъым, атIэ гъащIэм сыхэзышэж хьэпшыпщ. ИлъэситI ипэ си анэр дунейм ехыжащ. Ар сигу къызэрыкIымрэ сызэрыхуэныкъуэмрэ сегупсысурэ дунейр къыстеункIыфIам хуэдэу сыхъуат. Щыгъыни, хьэпшып гуэри - зыри къэсщэхунIауэ сыхуеякъым иджыри къыздэсым. Хамэ къэралым хэхэсу щыпсэуным пыщIа гугъуехьхэми си закъуэныгъэр къыстрагъэхьэлъэрт. Си гур ехуэхат, нэгъуэщIу жыпIэмэ. АтIэ а илъэситIым къриубыдэу мы чысэр япэ дыдэу къэсщэху хьэпшыпщ. ИнтернетымкIэ сыщыкIэлъыплъырт уи IэдакъэщIэкIхэм. Апхуэдизу чысэ дахэт слъагъухэри, сэр-сэру сегупсысащ: мис мыбы си гур къиIэтыжын хуейщ, къэзмыщэхуу хъунукъым. Иджы чысэм сыпоплъэри, си псэр зыгуэрым хуопабгъэ. Куэд щIауэ зыгуэр зыхищIэным щыужа си гур къихьэж хуэдэщ», - жиIэри. Абдежым сигу ислъхьащ а сутIыпща хьэпшыпыр а бзылъхугъэм тыгъэ хуэсщIыну. Чысэр Iэрыхьа нэужь апхуэдизу гуфIати, ихьурэ и гъунэгъухэм яригъэлъэгъуат, зэрыжиIэмкIэ. «Гугъэ къызэзытыжа чысэщ мыр. Хьэпшып телъыджэм хьэкъ къысщищIыжащ адыгэ лъэпкъым и дахагъэр, ди тхыдэр зэрылъапIэр, адыгагъэр, цIыхугъэр зэрымыкIуэдыжар, сэ апхуэдэ лъэпкъ уардэм сызэрыщыщым пагэ сищIын зэрыхуейр. Мис апхуэдиз къару иIэщ мы уи IэщIагъэм», - жиIэу фIыщIэ псалъэхэр къысхуитхыжат.

Къэхъуащ куэдрэ щIалэм фIыуэ илъагъу пщащэм папщIэ адыгэ тыгъэ хуэзгъэхьэзырыну зыкъыщысхуигъэза, апхуэдэхэм я насыпыр зы хъуауэ щызэхэсхкIэ, дауи, сахуогуфIэ.

ЖысIэнуращи, си IэдакъэщIэкIхэр ауэ хьэпшып къудейкъым ар зыIэрызыгъэхьэхэм я дежкIэ. Хэти ар хуохъу сабиигъуэм хэзышэж гукъэкIыж, хэти ди тхыдэм нэхъри зыщигъэгъуэзэну и гур къыщIеIэтэ, хэти анэдэлъхубзэм и дахагъэр кууууэ зыхрегъащIэ, хэти псэкIэ пэгъунэгъу гуэрым и фэ ирепплъри, абы лъапIэ ещI. ЖыпIэнурамэ, я гущIэм жыжьэу щагъэпщкIужа зыхэщIэ гуэрхэр къегъэуш. «Зэи адыгэбзэкIэ сыпсэлъакъым, ауэ адыгэбзэкIэ фIыщIэ пхуэсщIыну сыхуейщ: «Тхьэм уигъэпсэу!», - жиIэу къысхуэзытхаи яхэтщ щэхуакIуэхэм.

**- Адыгэ дыщэидэм, хэдыкIыным бзылъхугъэхэр хубогъасэ...**

- Чысэхэр сщIым къищынэмыщIауэ, илъэс къэс Иорданием сыкIуэурэ адыгэ уагъэ-щагъэмкIэ, хэдыкIынымкIэ, дэнлъэчщIыным теухуауэ дерсхэр пщIэншэу изогъэкIуэкI адыгэ IэпэIэсэным зыхуэзыгъэсэну зи нэ къикIхэм папщIэ. КъокIуалIэ щIалэгъуали ныбжь зиIэхэри. Уеблэмэ, зэрызагъэсэну зэманыр яхуримыкъуамэ е дерсым ехъуапсэу щхьэусыгъуэкIэ хэкIыжа щыIэмэ, щIэрыщIэу гуп къызэзгъэпэщыжу сащыдэлажьи къохъу. Япэ дыдэу IэпэIэсэным хуезгъэджауэ щытащ хэхэс бзылъхугъэу 65-рэ. Бжьэдыгъухэр, шапсыгъхэр, абазэхэхэр, къэбэрдейхэр къэкIуащ а дерсхэм. Бзэм и къэпсэлъыкIэкIэ зэрызэщхьэщыкIым къыхэкIыу, инджылызыбзэкIэ езгъэкIуэкIырт ди зэIущIэр. Нэхъыжь дыдэу зы бзылъхугъэ яхэтти, ар къэлъэIуащ: «КхъыIэ, си хъыджэбз, дерсыр адыгэбзэкIэ къыджеIэ. Дыщэидэм зыхуэдгъэсэну, дэнлъэчхэр тхуэщIыну - мыпхуэдэ Iэмал зэгуэр диIэну дыщыгугъакъым дэ. Мыр адыгэбзэкIэ къыджепIэмэ, дэ игъащIэкIэ ди гум ихункъым, ди быным я быныжхэми яхуэтIуэтэнщ», - жиIэри. Бзылъхугъэм и псалъэр си пкъым хыхьат, пэжым ухуеймэ. Дауи, дерсым адыгэбзэкIэ пысщащ. Къэбэрдеибзэ сызэрыпсалъэр псоми къагурыIуэрт, къызэрыщIэкIымкIэ...

Иужьрей илъэсхэм дыщэидэм, дэнлъэчым, уагъэ-щагъэм бзылъхугъэу щэм щIигъу хуезгъэджащ. Ноби ахэр къысхуотхэ, къопсалъэ, къайхъулIэхэмкIи сагъэгуфIэ. Сэ зыхуезгъэджахэм я ныбжьэгъу, я благъэхэр хуагъасэ езыхэми. Мис абы си гур хегъахъуэ, сыту жыпIэмэ, дыщэидэм хуезгъэджэну сигу щислъхьам, сызыщыгугъар, зэрыхъукIэ, нэхъыбэм а щIэныгъэр ялъэзгъэIэсынырт, а IэпэIэсагъэм бзылъхугъэхэр езгъэхъуэпсэнымрэ къезгъэщтэжынымрэт.

Налшык щыIэ «Адыгэ цIыкIу» IуэхущIапIэм и гуащэ Къармэ Iэсият зыкъысхуигъазэри, абы и гъэсэнхэми ядезгъэкIуэкIауэ щытащ мастер-класс. Хамэ къэрал зыбжанэм щыпсэу си ныбжьэгъухэм къызжаIэ дыщэидэмкIэ, хэдыкIынымкIэ, уагъэ-щагъэмкIэ дерсхэр я деж щезгъэкIуэкIыну. Языныкъуэхэми ирызагъэгъэджэнур адыгэкъым, атIэ нэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщрэ ди лъэпкъым и тхыдэмрэ и щэнхабзэмрэ зыфIэгъэщIэгъуэнрэщ. Мы зэманым Франджым цIыхубзхэр ди адыгэ дыщэидэм щыгъуазэ хуэсщIыну IуэхущIапIищым зыкъысхуагъэзащ. Сыздрагъэблагъэхэм дерс стыну сыкIуэ хъумэ, си хьэпшып гъэлъэгъуэныгъэхэри езгъэкIуэкIыну сыхуейщ. Апхуэдэ мурадхэри сиIэщ.

**- Адыгэ тхыпхъэхэм ятеухуауэ сыт хуэдэ лэжьыгъэхэр е тхылъхэр къэбгъэсэбэпрэ?**

- «Адыгэ тхыпхъэхэр» (Азамат Мин-Къутас), «Дыщэидэ» (ДыщэкIхэ Елмасрэ Айшэрэ), «Адыгэ идэ» (Иуанокъуэ М.), «Предметы культуры адыгов» (Федосеенко А. О.), «Черкесы. Воины и мастера» (Щоджэн Ж.), «Тхыпхъэ: адыгская (черкесская) знаковая система» (Накуэ Ф.). Мис мы тхылъхэм ярыт фащэхэм я тхыпхъэхэр зэпэсплъыхьым, щIэзджыкIым, зэпэслъытыурэ къызогъэсэбэп.

Налшык сыщыщыIэхэм деж музейхэм щекIуэкI гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэнхэм сыкIуэн сфIэфIщ. Дыщэидэм, адыгэ тхыпхъэхэм, лэжьыгъэ хэдыкIахэм я сурэтхэр зэхузохьэс, альбом щхьэхуи зэзгъэпэщащ ахэр дэслъхьэу.

Пасэрей адыгэ тхыпхъэхэр сэ нобэрей гъащIэм, иджырей модэм къызогъэзэгъ. Псалъэм папщIэ, ахэр си чысэхэм тызощIыхь, джанэхэм я Iэщхьэхэм тызодыкI. Си щэхуакIуэхэм язогъэлъагъу си IэдакъэщIэкIхэм къыщыгъэлъэгъуа тхыпхъэхэр сэ къызэрызмыгупсысар, адыгэ лъэпкъым къызэрыддекIуэкIыр, ди щэнхабзэм зэрыщыщыр. Ар наIуэ зыщI сурэтхэри дэтхэнэ хьэпшыпми щIызогъу. Си фIэщыгъэхэр яIэщ. ФIэщыгъэхэм ящIэлъщ лъэпкъ гупсысэ: Дахэ, Налмэс, Iэдииху, Дахэнагъуэ, Лашын, Гупсэ, Гуащэ, Гурыс, Дамэ, Дыщэ, Хэку, Удж, Насып, Нэмыс, Къафэ, Псысэ, Псынэ, Пщащэ, НалцIыкIу, Ридадэ, НэгъэцIу, Мэзгуащэ, Уардэ, нэгъуэщIхэри.

**- Франджым уи IэрыкI чысэхэр щызепхьэ хъунщ. Дауэ къащыхъурэ укъэзылъагъухэм?**

- Куэдрэ къысхуихуащ сэ езым здыжа фэилъхьэгъуэ сщыгъыу, си IэдакъэщIэкI сIыгъыу Париж и уэрамхэм сыщрикIуэкIэ, гъуэгурыкIуэхэм сыкъагъэувыIэурэ си щыгъынхэм, чысэм, лэрыпсхэм, тхьэгъухэм къыщыщIэупщIэ: «Дэнэ къыщыдгъуэтыну, къыщытщэхуну мыпхуэдэ дахэхэр?» - жаIэу. Сэри си гуапэу ягурызогъаIуэ апхуэдэ дахэхэр зиIэ адыгэ лъэпкъыр дызищIысыр, дызэрыгушхуэ Iуэхугъуэхэр. Псалъэм папщIэ, илъэс 92-м ит зы франджы цIыхубз гуэрым си чысэр иджыблагъэ и нэм къыфIэнэри тIэкIу дызэпсэлъащ, чысэри иужькIэ зыIэригъэхьащ, «сэ сыт щыгъуи хьэпшып гъуэтыгъуейхэмрэ адрейхэм къащхьэщыкIхэмрэ сыдахьэхыу щытащ, мы хьэпшып дахэр илъэс хыщI ипэкIэ Совет Союзым сызэрыщыIам и фэеплъу зесхьэнущ», - жиIэри.

**- Фи унагъуэм анэдэлъхубзэр илъщ, дауи.**

- Ди сабийхэм унэм дазэрыщепсалъэр адыгэбзэщ. ЩIалитIми бзэр яIурылъщ, иропсалъэ. Хамэ къэрал ущыпсэууэ, быным анэдэлъхубзэ яIурыплъхьэныр сэ тыншу схужыIэнукъым. Ар махуэ къэс гулъытэ зыхуэпщI, узэлIалIэ, узэгугъу Iуэхущ. Адэри анэри дахутопсэлъыхь ди хабзэхэм, яжыдоIэ адыгэ таурыхъхэмрэ хъыбархэмрэ, адыгэ джэгукIэ гъэщIэгъуэнхэри ядогъэцIыху. АпщIондэхункIи, ахэр лъэпкъ гупсысэм дехьэх. БзиплI ягъэшэрыуэ щIалитIым: адыгэбзэр, хьэрыпыбзэр, франджыбзэр, инджылызыбзэр. Урысыбзэри зрагъащIэ.

ЦIыкIухэр си гъусэу уэрамым дыдэтрэ адыгэбзэкIэ дыпсалъэмэ, дызэхэзых куэдыр къыдбгъэдохьэри къыщIоупщIэ дызэрыпсалъэ бзэм. ЯфIэдахэщ!

*Епсэлъар*
**ГУГЪУЭТ Заремэщ.**




● ЖыIэгъуэхэр

## НасыпыфIэр гуфIэ нэгущи...

**♦ЦIыхум яхуэпщIэфыну гуапагъэм зэи ущымысхь.**
**♦Шым тесыф псори шууейкъым, еджэкIэ зыщIэ псори егъэджакIуэкъым.**
**♦Я псэр адыгэпсэу, я бзэр нэгъуэщIыбзэу ди щIэблэр плъагъуну сыту гухэщI.**
**♦Насыпышхуэ иIэщ къызэралъхурэ зы хьэл-щэным тету зи гъащIэр езыхьэкIыфым.**
**♦Гугъэр здэщыIэр къэкIуэну зэманырщ, аращ дэ абы дыщIыхуэпIащIэри.**
**♦Лъагъуныгъэм ириджэгур псоми я джэгупIэу къонэ.**
**♦ЦIыхум IэщIыб ищIа сыт хуэдэ хьэпшыпми занщIэу зеиншафэ къытоуэ.**
**♦НасыпыфIэр гуфIэ нэгущи, насыпыншэр гъырнэIущ.**
**♦Щхьэм илъыр къызэращIэр жьэм жиIэмкIэщ.**

КIУРАШЫН Алий.

● Шхыныгъуэхэр

## Лэпс зэщIэт, мэлыл, кIэртIоф, хугу хэлъу



Абы щхьэкIэ нэхъ къащтэр мэлым и дзажэращ. Дзажэр зэпауд г 50 - 60 хъууэ. Ар псы щIыIэкIэ ятхьэщI. ИтIанэ шыуаным иралъхьэри, псы щIыIэ щIакIэ. МафIэр ину блэуэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафIэр цIыкIуу ирашэхри, шыуанымщхьэр тепIауэ ныкъуэвэфI хъуху ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. ИтIанэ абы шыгъу хадзэ, щимэурэ упщIэта кIэртIоф укъэбза халъхьэ, шыуанымщхьэр трапIэри, зэ къытрагъэкъуалъэ мафIэ иным тету. МафIэр щабэ ящI, шыуанымщхьэр тепIауэ къагъавэ дакъикъипщI-пщыкIутхукIэ. ЗэIащIэурэ абы хугу лъэса хакIутэ, шыуанымщхьэр трапIэри, мафIэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыурэ.

Хьэнтхъупсыр пэшхьэкум къытрах, бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын траудэри, шыуанымщхьэр тепIауэ дакъикъитхухыкIэ щагъэт, нэхъ IэфI хъун, зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ. Пщтыру ираф, щIакхъуэ е чыржын и гъусэу.

*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):* мэлылу - г 300, лыр зэрагъэвэну псыуэ - г 800, кIэртIоф укъэбзауэ - г 60, хугуу - г 40, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз. *Бжьын гъэлыбжьа:* тхъууэ е щэ дагъэу - г 20, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 20, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

# Унэхэр

Новеллэ



Къуажэ уэрам кIыхьым унэу тетыр пхуэбжынкъым... Бысымхэм хуэдэуи, езыхэри зэщхькъым. Языныкъуэхэр лъагэщ, адрейхэр лъахъшэщ, зым щхьэгъубжэ Iэджэ хэлъщ, адрейр щIыунэм ещхьщ. Унэ зыбжанэм я бжэхэр сыт щыгъуи хьэщIэхэм яхуэзэIухащ, мыдрейхэр цIыху кIуапIэу щыткъым.

ИтIанэми, а псом къахощхьэхукI къуажэкIэ дыдэм щыт унитIыр. Зыр щIалэгъуэм, гуфIэгъуэм я щапхъэщ, щIэращIэщ, ихъуреягъкIэ уэздыгъэ цIыкIухэм къагъэнэху. Абы и пщIантIэм щIэх-щIэхыурэ дыхьэшх макъ, макъамэ дахэхэр къыдоIукI. Ар унэщIэщ, и къару илъыгъуэщ икIи сыт хуэдизрэ емыгупсысами, къыгурыIуэркъым и гъунэгъур апхуэдэу щIэнэщхъейр.

- Мы дунейм и дахагъым еплъыт! Дыгъэ къопс, бзу цIыкIухэм уэрэд жаIэ, хьэуа къабзэм къаруущIэ къыпхелъхьэж! Апхуэдизу щхьэ унэщхъей?! – йохъурджауэ ар и гъунэгъум.

Жьы дыдэ хъуа унэм и напIэ-щхьэгъубжэхэр хьэлъэу къеIэтри, хощэтыкI:

- Уэхуууу... Сыт мыгъуэр къыбгурыIуэрэ уэ?! Мыпхуэдэу сыт щыгъуи сыщыта уи гугъэ?!

Унэжьым и нэгу щIокIыж зэгуэр япэу и бжэр къыщызэIуахар. ГъащIэщIэм хыхьэ зэщхьэгъуситIым я гуфIэгъуэмкIэ дуней псом дэгуашэ хуэдэт. Зэраухуэрэ илъэс фIэкIа мыхъуа унэр абыхэм я насыпым и щыхьэтт. Ар сытым хуэдэу гуфIэрэт! Зы пщэдджыжь къэмынэу и щхьэгъубжэхэр дыгъэм хузэIуихырт.

Унэгуащэм хуэсакъыу ихъумэрт и унэр, гу къабзэкIэ псыхьа цIыхухэр щIэх-щIэхыурэ къеблагъэрт. Куэд мыщIэу пщIантIэм къыдэIукI хъуащ сабий макъхэри. Адэм и къуэхэр хуигъасэрт пэжыгъэм, лIыгъэм, анэм ипхъухэр - нэмысым. НасыпыфIэт ахэр!

Унэм фIы дыдэу ещIэж тхьэрыкъуэ пщэхуу пщащэ дахащэхэр мы пщIантIэм зэрыдэлъэтари, адэ-анэм я гъусэу гуфIэгъуэ нэпс щIигъэкIари. Щыгъупщэркъым абы, къуршыбгъэ уардэу, щIалэхэри абгъуэм зэрилъэтар. Зэгуэр гуфIэгъуэ макъхэр къызыдэIукIыу щыта пщIантIэр иджы щэху хъуат. Адэанэм я гъусэу хуэмурэ унэри жьы хъурт. Я бынхэр куэдрэ къыщымыкIуэжым деж ар ядэнэщхъейрт, къеблэгъэжамэ - ядэгуфIэрт.

ЕщIэж абы адэр сымаджэ хьэлъэ зэрыхъуари, иужькIэ абы и гъуэлъыпIэ нэщIым гъыуэ бгъэдэса и бынхэри. Нэщхъейуэ унэр кIэлъыплъырт, зэдэлъхузэшыпхъухэм анэр къалэм яшэжыну иужь зэритми. «Сыпсэуху сыдэкIынукъым фи адэр зыдэса пщIантIэм», - жызыIэ унэгуащэм и телъхьэт ар. Абы и гущIэм иджыри гугъэр щыужьыхыжатэкъым! И теплъэкIэ жьы хъуами, гукIэ щIалэт. Абы и фIэщ хъурт зэгуэр пщIантIэм дэта гуфIэ, дыхьэшх макъым, насыпым къагъэзэжыну.

Ауэ, зэманыр кIуэху, унэгуащэм и узыншагъэм хуэдэу, унэм и гугъэри нэхъ махэ хъурт. ИкIэм-икIэжым къэсащ ар ажалым хуэдэу зыщышына махуэр: адэ-анэр зыщIэмысыж унэ нэщIым IункIыбзэ иратыжри, зэдэлъхузэшыпхъухэр ежьэжащ. Абдежым щиухащ а унагъуэм и тхыдэр.

Ящыгъупщэжащ унэри! Ар нэщхъейщ, жьыи хъуащ. Япэм хуэдэу щыгуфIыкIыжыркъым гъатхэм, дыгъэм. Абы и пщIантIэр нэщIщ, псалъэмакъыншэщ...

Аращ а унитIыр адрейхэм къазэрыщхьэщыкIыр! Зым и гугъэщ гъащIэр зэи имыгъущIыкIын псыежэхыу, адрейм ещIэ ар напIэдэхьеигъуэу зэрыщытыр! Зым псэун щIидзэ къудейщ, адрейм – гъащIэ псо къигъэщIащ!

**ГЪУКIЭ-МЭРЕМКЪУЛ Маринэ.**

● ГушыIэхэр

### МыбыкIэ сыкъамыгъэкIуэжыну пIэрэ?

Хъуэжэ илъэситхукIэ Сыбырым щыIэн хуейуэ суд къытращIыхьат. «ПцIы яхуиупсри цIыхухэр къызэригъэIэтащ», - жаIэри арат тезыр къыщIыгралъхьар.

Судыр и кIэм щынэсым, судыщIэм Хъуэжэ иужь псалъэ жиIэжыну хуит ищIащ. Хъуэжэ жиIащ:

- А сыздэвгъакIуэми цIыхухэм пцIы яхуэзупсрэ къызэрызгъэIэтмэ, мыбыкIэ сыкъамыгъэкIуэжыну пIэрэ?

### ПщIыхьэпIэ

Хъуэжэ Iэзэм деж кIуэри жриIащ:

- ЩIэрыкIуэ згъэажьэу сепщIыхьащ, сытым хуэпхь хъуну?

- Ар бжесIэн щхьэкIэ, джэд фIыцIэ сыхуей хъунущи, уи пщIантIэм дэт джэдым щыщ зы укIи къысхуэхь, араншауэ схузэхэгъэкIынукъым уи пщIыхьэпIэр, - къыжриIащ Iэзэм.

Хъуэжэ и щхьэм щIэтIэхъуащ:

- Си пщIантIэм джэд дэтатэмэ, щIэрыкIуэ згъэажьэрэт, - жиIэри.

● Тхыгъэ кIэщIхэр

## Пушкиным и гуныкъуэгъуэр

Зэратхыжымкlэ, Пушкиным хуабжьу гуныкъуэгъуэ къритырт литературэм бжьыпэр щызыIыгъын, абы щытепщэу щытын хуей тхакIуэ нэхъыфIхэм ар зэрылъамыгъэсым. Лъызымыгъэсри хэт жыIэт - ятхыр мыхъуми, традзэу, къыдагъэкIыну лъэкIыныгъэрэ ахъшэрэ зиIэхэрт. Ар дыдэр ноби ди нэгу щIокI. Зэманым зихъуэжми, хьэгъэщагъэр зи хабзэ цIыхухэр сыт щыгъуи куэдыжьщ.

* * *

Сэ захуэу къэслъытэркъым «ЦIыхубэ усакIуэ» цIэр къэрал унафэкIэ зэрыфIащыр. ЦIыхубэ усакIуэ ухъун папщIэ, ар лъэпкъым и бзэгупэм телъу, и псалъэхэр псалъэжь, псалъэ шэрыуэ хъуауэ, и усэхэр цIыхубэм гукIэ ящIэу, гуауэм дежи, гуфIэгъуэ щыIэми абы и псалъэр я гъусэу, бэр игъэгушхуэу (езыр лIами) щытын хуейщ. Апхуэдэ цIыхубэ усакIуэщ урысхэм я дежкIэ - Пушкин, Лермонтов, Некрасов, Есенин, адыгэхэм - ЩоджэнцIыкIу Алий, осетинхэм - Хетагуров Коста ... Лъэпкъ къэс иIэщ апхуэдэ усакIуэхэр.

Къэрал унафэкIэ фIэпщ хъунущ «лауреат» цIэр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а цIэр щIыфIащыр Iупщlу зы тхыгъэщи е тхыгъэ гупщи. «ЦIыхубэ» цIэр усакIуэм къилэжьын хуейщ и гъащIэ, и лэжьыгъэ псомкIи.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. ... мазэхэрэ уи щэху щумыIуатэ. **3**. ХьэщIэр хущхьэрей хъумэ, ... гъэгъуэлъыж. **6**. ИмыIэфI щыгугъым и ... фIокIуэд. **8**. ФызыфIыр ..., фыз Iейр щIыунэщ. **11**. Уэлбанэ махуэр ..., фызым я тхъэгъуэр къэбгъавэщ. **16**. Удэмэ - Iуданэ, убзэмэ - .... **21**. ЛIы и ... вы и гъуррэ. **23**. ... дзыгъуэкIэ лIыхъужьщ. **25**. Дыгъужьым мэл зыфIихьынур и пыIэ ... къещIэ. **26**. ХьэгъуэлIыгъуэ ... гухэхъуэщ.

***Къехыу:*** **1**. ... куэдрэ щылъмэ, жыглыц къытокIэ. **2**. Хъумэ, ..., мыхъумэ, фIитI. **4**. Фыз зимыIэ щIалэрэ ... зыпщIэхэмылъ шырэ. **5**. Iэзэ къашэри вынэ ... . **7**. Иужь акъыл нэхърэ - ... акъыл. **9**. ФIыр умыцIыхумэ, ... лъапIэр къыхэх. **10**. ЩIэ ягъэIущ щхьэкIэ, ... яущииижрэ? **11**. Дыгъужьыт я ... зэхуагъазэркъым. **12**. ... Iуфэм Iусым ... икIыпIэр ещIэ. **13**. Пщы зи щыпэлъагъум ... щохъу. **14**. ... къуийм и лажьэ ... псэум ищIэркъым. **15**. Псыр псэм и зы ... . **17**. ... лIа щхьэкIэ, зым зилIэжрэ? **18**. Нэдым и щхьэр умытIатэу ... илъэрэ ху илъэрэ пщIэркъым. **19**. АдакъэщIэрэ ... пIастэрэ. **20**. Гур зэрыкIуэдыкIыр и ... . **22**. Нэхъыжьым жьэ ет, нэхъыщIэм ... ет. **24**. Гуащэрэ пэт, къаз ... .

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ**.

***Жэпуэгъуэм и 18-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. КIумыхъу. **5**. Бахъэ. **7**. Шэрэз. **8**. Щэху. **9**. Гъуни. **10**. Ету. **14**. Щэ. **15**. Уэчыл. **16**. Хур. **17**. Хукхъуэ. **19**. ХущIэ. **21**. Бгъэ. **25**. КъуапцIэ. **26**. Гъэужь. **27**. Пхъэр.

***Къехыу:*** **2**. Мыгъуэ. **3**. Хъушэ. **4**. Иран. **5**. Бзу. **6**. Хъыщт. **8**. Щащыху. **11**. Уардэ. **12**. Ауз. **13**. Кхъулэ. **18**. КхъуакIэ. **20**. ЩIопщ. **22**. Гъашэ. **23**. Акъужь. **24**. ЩIэп.

# Лъэпкъ усыгъэхэр Рицэ и деж щоIу

Щэнхабзэ

**Хабзэ дахэ хъуауэ, илъэс къэс Абхъазым щокIуэкI «Рицэ и рифмэхэр» лъэпкъыбзэ литературэ фестивалыр. Мы гъэм ар траухуат Абхъаз Республикэм и япэ Президент Ардзинбэ Владислав къызэралъхурэ илъэс 80 зэрырикъум.**

КАВКАЗ Ищхъэрэмрэ Абхъазымрэ я щIыналъэхэр зэпызыщIэ щэнхабзэ Iуэхур ирегъэкIуэкI «Жан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, Абхъазым Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым хэт, ЩIДАА-м и президент Къанокъуэ Арсенрэ и щIэгъэкъуэну. Фестивалым и унафэщIыр Абхъазым и ЛIыхъужь, а республикэм зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру щыта Сосналы СулътIан и щхьэгъусэ Любэщ.

«Усыгъэ къекIэрэхъуэкI» Iуэхуми абы хыхьэ «Рицэ и рифмэхэми» я къызэгъэпэщакIуэр икIи унафэщIыр усакIуэ, тхакIуэ, драматург, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэщ. Ар зэрырагъэкIуэкIрэ мы гъэм илъэсий мэхъу, дяпэкIи ехъулIэурэ, зиужьурэ адэкIи кIуэтэну ди гуапэщ.

Заринэрэ Любэрэ, я жэрдэмыр къызыгурыIуэ гуп цIыкIу я гъусэу, ар япэу 2018 гъэм ирагъэкIуэкIауэ щытащ, щIыналъитIым я зэхуакум абыкIэ лъэмыж тралъхьэу. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Рицэ гуэлыр къыхэхауэ фестивалыр щрагъэкIуэкI щIыпIэу. Илъэс къэс абы зеубгъу, адыгэ-абхъаз литературэм хэлэжьыхьхэр, журналистхэр, артистхэр, сурэтыщIхэр къыхохьэ.

Мы гъэм Iуэхур къыдаIыгъащ Абхъазым и щIэныгъэ, щэнхабзэ лэжьакIуэхэм. Апхуэдэуи зэпымыууэ Iуэхум хэтщ усакIуэ, публицист, щIэныгъэлI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Зантарие Владимир, усакIуэ, тхакIуэ, «Алашара» («Нэхугъэ») журналым и редактор нэхъыщхьэ Лагулаа Анатолэ сымэ. Фестивалыр къыщызэIуахым зыкърагъэхьэлIащ Ардзинбэ Владислав и щхьэгъусэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Джергение Светланэ, щIэныгъэлI-тхыдэдж, «Абхъаз анэхэр мамырыгъэмрэ захуагъэмрэ я телъхьэщ» зэщIехъееныгъэм и унафэщI, жылагъуэ палатэм и секретарь Кичбэ Гули, Абхъазым и цIыхубэ артисткэ, «Гунда» макъамэ ансамблым и унафэщI Чамагуа Розэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

Илъэс ещанэ хъуауэ, хэгъэрейхэм я лъэныкъуэкIэ, Iуэхум и унэтIакIуэщ усакIуэ, «Алашара» журналым усыгъэмкIэ и къудамэм и редактор, Абхъазым и ТхакIуэхэми, Журналистхэми я зэгухьэныгъэхэм хэт Габелие Дмитрий.

Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Кове Дауррэ абы и къуэдзэ Смыр Динарэрэ Заринэ щахуэзам, щIыналъэхэм я щэнхабзэ лэжьакIуэхэр зэпызыщIа Iуэху дахэм и мыхьэнэр зэрыиныр жаIащ, дяпэкIи ехъулIэныгъэ иIэну зэрагуапэр къыхагъэщащ. 2023 гъэм «Рицэ и рифмэхэр» фестивалым Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Адыгеймрэ я лIыкIуэхэр япэу зэрыхэтар Даур и фIыгъэщ. Псалъэм папщIэ, Адыгейм щыщу къэкIуахэщ Урысейм и Журналистхэм я щIыналъэ къудамэм и унафэщI ТIэш Светланэ, тхакIуэ, усакIуэ, журналист Дербэ Тимур, усакIуэ, Адыгейм и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ Сиихъу СулътIан, «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэ МэшлIокъуэ Саидэ. Къэрэшей-Шэрджэсым къикIащ шыкIэпшынэм Iэзэу еуэ Ашэбокъуэ зэщхьэгъусэхэу Азэмэтрэ Iэсиятрэ, усакIуэхэу Чэнджэщауэ Артуррэ Адзын Мадинэрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэт Къаныкъуэ Заринэ, «Жан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Щэрдан Лилианэ, сурэттех Елоевэ Еленэ, усакIуэ, Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и институтыр къэзыуха Iэпщэ Анзор сымэ.

Мыгъэрей зэхыхьэм къыдигъэцIыхуащ усакIуэ щIалэ зыбжанэ. Абыхэм я зэчийр цIыху нэхъыбэм къащIащ. Апхуэдэхэщ зи цIэ къыхэдгъэщахэу Дербэ Тимуррэ Сиихъу СулътIанрэ (АР), Чэнджэщауэ Артуррэ Адзын Мадинэрэ (КъШР), Iэпщэ Анзор, Краснодар куейм и Агуей-Шапсыгъ къуажэм щыщ хирург Iэлалэ Хьэсэн сымэ (мыхэр нэхъ гъунэгъуу щывэдгъэцIыхуну, я гъащIэмрэ я гуащIэмрэ фыщыщыдгъэгъуэзэну ди мурадщ «Адыгэ псалъэ» газетым и электроннэ къыдэкIыгъуэ гъунэгъухэм ящыщ зым).

«Рицэ и рифмэхэр» фестивалыр къыщызэIуахащ Ардзинбэ Владислав и цIэр зэрихьэу Сыхъум дэт Зауэ щIыхьым и музейм. Абы хэтхэр къызэхуэсахэм ирагъэцIыхуащ зэIущIэр езыгъэкIуэкIахэу Габелие Дмитрийрэ Адзын Мадинэрэ. Утыкум зыкъыщагъэлъэгъуащ, къыщыпсэлъащ, усэ къыщеджащ Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым къикIа усакIуэхэмрэ макъамэрылажьэхэмрэ.

Зантарие Владимир хьэщIэхэм фIэхъус щарихым жиIащ: «Рицэ и рифмэхэр» лIэщIыгъуэм и къэхъукъащIэ гъэщIэгъуэнщ. Фестивалым и таурыхъ дунейм щызэхуишэсащ и лъэпкъым и тхыдэ-щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным тегузэвыхь, лъагъуныгъэкIэ зи гур гъэнщIа цIыху Iущхэр, дахэхэр, къабзэхэр. Абхъазым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ ассоциацэмрэ мы Iуэхум и мыхьэнэр къагурыIуэу зэрагъэкIуатэр си гуапэ дыдэщ». Абы Чэнджэщауэ Артур иритыжащ Абхъаз Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм зэрыхагъэхьамкIэ тхылъыр.

Лагулаа Анатолэ къыхигъэщащ, цIыхухэм я мызакъуэу, лъэпкъыбзэхэри щызэIущIэ мы Iуэхур зэригуа-пэр, илъэс мин ипэкIэ зы жыгыу щытауэ къудамэбэ - язынykъуэхэр зэмыIусэу, ауэ зэпсэгъуу - хъуа ди бзэхэр зэрызэлъабжьэгъур, псыIэрышэ папщIэу фестивалымкIэ ахэр зэрызэтпхыр, нэгъуэщI гупсысэхэри.

Зауэ щIыхьым и музейм и унафэщI Бейе Мзие хьэщIэхэм сэлам ярихри, Абхъаз Республикэм и япэ Президент Ардзинбэ Владиславрэ Рицэ гуэлымрэ ятеухуа и уситIым къеджащ.

А махуэм и пщыхьэщхьэм Чэнджэщауэ Артуррэ Къаныкъуэ Заринэ я тхылъыщIэ абхъазыбзэкIэ зэрадзэкIахэр утыку кърахьащ. Ахэр я лъэпкъыбзэм къизыгъэзэгъар Зантарие Владимир, Лагулаа Анатолэ, Габелие Дмитрий, Агындие Сергей сымэщ. Заринэ и тхылъым ихуа «Сария» пьесэр зэзыдзэкIар Хаджинбэ Иннэщ. Тхыгъэ псори «Алашара» журналым къытрадзащ.

АдэкIэ усэт... ЕтIуанэ махуэр щекIуэкIащ Сыхъум и жыг хадэм, илъэс 280-рэ зи ныбжь бзииху жыгым и лъабжьэм, Багърат лъагапIэм и деж. Мыбдежым Iуэхум къыхыхьащ абхъаз усакIуэ щIалэ Зантарие Аслъэн. Ещанэ махуэр хухэхат фестивалым и дамыгъэм - Рицэ. Зэпымыууэ зэIущIэм хэт, Абхъаз щIалэгъуалэ театрым и актёр Камкие Саид, усакIуэ бзылъхугъэхэу Сакание Гундэрэ Бганбэ Шазинэрэ зыкърамыгъэхьэлIэу дауэт?!

Хабзэ хъуауэ ирагъэкIуэкI пхъэидзэм унафэ трищIыхьащ хэт и пшыхь Мейкъуапэ, Налшык, Черкесск къалэхэм етIанэгъэ щызэхэтынуми. «Рыфыбг и усэ сатырхэр» Iуэхум хэту, Адыгейм щекIуэкIынущ абхъаз усакIуэ Сакание Гундэ и пшыхь. Налшык дыщыпэплъэнущ Лагулаа Анатолэ и зэIущIэ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**



# Жылэтеж Ахьмэд ящыгъупщэркъым

**УФ-м бэнэкIэ хуитымкIэ спортым и мастер Жылэтеж Ахьмэд и фэеплъу урысейпсо зэхьэзэхуэ Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт комплексым махуитIкIэ щрагъэкIуэкIащ. Абы щызэпеуащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 25-м я бэнакIуэ 300-м нэблагъэ, я ныбжькIэ илъэс 21-м щIимыгъуауэ. Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм УФ-м спортымкIэ и мастер цIэр фIащащ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и спортсменхэм зэхьэзэхуэм медалиплI къыщахьащ - 2-р дыжьыну, 2-р домбеякъыу. Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм Гергоков Саидрэ (кг 65-рэ) Джэш Къантемыррэ (кг 86-рэ) етIуанэ щыхъуахэщ, Къэрэшей Азрэтрэ Къанэмэт Алихъанрэ ещанэщ. ИужьреитIыр щыбанэр килограмм 86-рэ зи хьэлъагъ гупырщ.

ЩIалэхэм я тренерхэр ЗэкIуий Арсен, Ажоев Азэмэт, Жолдащ Зэчрей сымэщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, илъэс 19 фIэкIа мыхъуауэ зэуэзэпсэу дунейм ехыжа бэнакIуэ ныбжьыщIэ Жылэтеж Ахьмэд и фэеплъ зэIущIэр мы гъэм ещанэу ирагъэкIуэкIащ. Абы и благъэ, зэIущIэм и судья нэхъыщхьэу щыта Хъанычэ Инал къыхигъэщащ шыIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ хэлъу, текIуэныгъэм хуэпабгъэу, олимпиадэм и дыщэ медалым щIэхъуэпсу Ахьмэд зэрыщытар.

«Ауэ, дигу къызэреуэщи, гъащIэр нэгъуэщIу къекIэрэхъуэкIащ. ТхузэфIэкIыху, ди унагъуэм адэкIи иригъэкIуэкIынущ абы и фэеплъ зэхьэзэхуэр», - жиIащ Хъанычэм.

Жылэтеж Ахьмэд Аргудан къуажэм къыщалъхуащ икIи куэдкIэ узыщыгугъ хъун спортсмену щытащ. Санкт-Петербург къалэм и командэ къыхэхам хэту 2022 гъэм зэхьэзэхуэхэм зыхуагъэхьэзырыну и лъахэм къэкIуэжауэ, Букэ-Баши бгыщхьэм щыхэкIуэдауэ щытащ ар.

**КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.**




# Тхьэмадэр яхъуэж

**Иджыблагъэ екIуэкIащ КъБР-м и коллекционерхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм я зэIущIэ. Абы щыхахащ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэщIэр.**

НЭХЪАПЭКIЭ а къулыкъур езыхьэкIа Грищенкэ Сергей IэнатIэм зэрыпэрытыну пIалъэр зэриухам къыхэкIыу, коллекционерхэр зэдэарэзыуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI къалэныр пщэрылъ щащIащ Кокоев Эдуард. Ар Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкIщ, 2017 гъэм щегъэжьауэ 2021 гъэ пщIондэ Эдуард КъБР-м и коллекционерхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу щытащ.

ЗэIущIэм хэтахэм псалъэ гуапэхэр хужаIащ Грищенкэ Сергей, къыхагъэщащ абы и унафэм щIэту тыншу къызэрызэдекIуэкIар.

«Ди зэгухьэныгъэм и унафэщI къулыкъум пэрыту иригъэкIуэкIа лэжьыгъэ щхьэпэм папщIэ иджыри зэ фIыщIэ хузощI Сергей», - жиIащ Кокоев Эдуард.

**КЪУЩХЬЭ Нэзар.**

УнафэщI-редактор ЖьэкIэмыхъу Маринэ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.290 • Заказыр №2308

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А